Урысейм и паспортыр иратыж

2-нэ нап.

«ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ»

3-нэ нап.

Дерс къыхаха хуэдэщ

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№70 (24.664) ● 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 14, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

2024

Фокіадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

Щіыналъэ зыужьыныгъэм и къежьапІэр

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва щыІэзхуэзащ. Ахэр тепсэлъыхьащ щыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм екъэлІа Іуэхухэм.

ФЕДЕРАЦЭМКІЭ Советым и спикерым къызэрыхигъэщамкіэ, республикэм и унафэщІхэм лэжьыгъэшхуэ зэфІах щыналъэм зиужьыным хуэунтІауэ. «Иужьрей илъэситхум Іуэхугъуэ куэд зэфІэвгъэкІащ. Къапщтэмэ, зыужьныгъэфІхэр ягъуэтащ узынщагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, экономикэм екъэлІа Іэнатіэхэм», - жиІащ Матвиенкэ, щыналъэр сабий гъэсапІэхэмкіэ къызэрызэгъэпэщам, медицинэ, еджапІэ Іуэхущапіэхэр зэрыщаухэрэ, экономикэм зиужьыным мыльку зэрыхалъхьэм и гугъу щащым.

КІуэкІуэ Казбек Матвиенкэ Валентинэ фІыщІэ хуищІащ республикэм зэушагъэр хъумэным епха и Іэнатіэм зиужьыным, медицинэ Іуэхущапіэхэр зыужьэ Іэмэпсымэхэмкіэ къыззэгъэпэщыным гупльитэшхуэ зэрыхуищым папщІэ. Къапщтэмэ, дызэрыт илъэсым къыривдыдэу сом мелардым щІигъу ди щІыналъэм къыхуауТІыпщащ зыхуэныкъуэ хущхъуэхэр къащэхун хуэдэу, нэгъуэщІу жыпІэмэ, а дэІэпыкъуныгъэм хуэдитхукіэ хэхъащ. «Худочых зиІэхэр зыхэныкъуэ хущхъуэ псори диІэщ иджы», - жиІащ щынальэм и Іэтащхьэм.

Адэкіэ КІуэкІуэ Казбек тепсэлъыхьащ республикэм езым и мыльку къызэрилэжьыфым. «УФ-м и Президентым и жэрдэмхэр лъабжьэ зыхуэхъуа лъэпкъ проектхэм я фІыгъэкіэ щытыкІэм фЫы и лъэныкъуэкіэ зихъуэжащ. Къэралым и Іэтащхьэм и Зэрызыхуигъаазэм къыщигъэнэІуа Іуэхугъуэхэу 2030 гъэм нэс тещІыхьахэр къызыхуэтыншэу зэрызэфІэтхъыным иужь дитщ мы зэманым», - кІыхигъэщащ КІуэкІуэм.

ЗэІущІэм гулъытэ хэха щыхуащІащ щІэблэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр къызэрызэгъэпэща щыкІэмэ. «Мыхьэнэшхуэ иІащ сабийхэм гъэмахуэм кьриубыдэу загъэпсэхуным, я узыншагъэр ирагъэфІэкІуэным, спортым дегъэхьэхыныр программэм и лейуэ щІэныгъэ гуэдзэнэр егъэгъуэтыныр», - жиІащ Матвиенкэ Валентинэ. КІуэкІуэ Казбек жиІащ а Іуэхугъуэм республикэм и унафэщІхэм гулъытэшхуэ зэрыхуащІыр. Къэбгъэльагъуэмэ, «Антарес» егъэджэныгъэ центрым сабий лагерь илъэс хуэрейм щолажьэ, ныбжьыщІи 100-м ятещІыхьауэ. А унэтІныгъэм зиужь зэпытщ.

Гушхуэныгъэр йобэкІ

Къэрал псом хуэдэу, Къэбэрдей-Балкъэрым щагъэлъэпІащ ди Хэкум и махуэшхуэ нэхъыщІхьэр. Налшык къалэ ЗэгурыІуэныгъэм и утым щызэхуэсат КъБР-м и Правительствэм, Парламентым я унафэщІхэр, Правительствэм хэтхэр, щІалэгъуалэ, ныбжьыщІэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэщІэхъеенныгъэхэмрэ щыщхэр, жылагъуэр.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек я пашэу, дзэ Іуэху хэхам щыІэ зауэлІэхэр яхэту, къызэхуэсахэм гушхуэу драхьеящ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балкъэрымрэ я ныпхэр. КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Текуев Амур и «Урысейр Хэку анэщ» уэрэдым щІэту, жьыбгъэм дэхуарзэу дэкІуэтейрт ди бэракъ дахэкэр.

Урысейм и махуэм ирихьэлІэу республикэм щыпсэухэм хъуэхъукіэ захуигъэзащ КІуэкІуэ Казбек.

«Мы къэрал махуэшхуэр ди Хэкум лІэщІыгъуэкІэрэ къикІуа гъуэгуанэм, абы и лъэщагъымрэ Іуныджьымрэ щыхьэт тохъуэ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я зэкъуэтныгъэр, Хэкум дызэрыхуэпэжыр, и зэІуэзэпэщІыныгъэм папщІэ жэуаллныгъэ зэрыткхыр, хэкупсагъэмрэ хабзэкэмрэ дызэрытетыр къегъэлъагъуэ. Нобэ дызэхэпсэукІ зэман мытыншым зи гугъу сщІы хъугъуэфІыгъуэхэм жылагъуэр нэхъри зэкъуегъэувэ, нэгъуэщІхэм къытхуагъэув лъэпощъэпохэм щэпэІудз хуохъу, ди къэралыгъуэр ефІэкІуэн, зиужьын папщІэ къыптэщІыпь къалэнхэм дытрегъэгушхуэ.

Хъуэхъум я нэхъ гуапэр ди хэкуэгъуэзауэлІхэм, Урысейм и щхьэхуитныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ яхъумэу дзэ Іуэху хэхам хэтхэм, яхузоГъэхь. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми дрогушхуэ икІи икІэщыпІэкІэ узыншэу я унэ кьекІуэлІэжьыну дахуолъаІуэ.

Си фІэщ мэхъу дызэкъуэтмэ, дызэрыІыгъмэ, дызэгурыІуэу лэжьыгъэм дыпэрытмэ, сыт хуэдэ гугъуехьри кьызэрыздэнэкІыфынур, Урысей лъэщым и кьэкІуэнур езыгъэфІэкІуэну кьалэнхэм даэзрыпэлъэщынур.

Сигуми си псэми кьыбгъэдэкІыу зыушагъэ быдэ, мамырыгъэ, зэІузэпэщІыныгъэ фиІэну сыныбохъуэхъу», - щитхащ КІуэкІуэм и телеграм-каналым.

НЭщІэПЫДжЭ Замиря.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къахьа екъулІэныгъэхэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кьыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр етын

Алтуев Аслъэн Ахъмэт и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым,

Къуэщ1ысокъуэ Анзор Борис и къуэм - «Ветеринар медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и «Ветеринариум и Щэджэм район центр» къудамэм и унафэщІым;

щ1ыхьыщ1эхэр яф1эщ1ын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и дохутыр»

Гуаэз Анатолэ Мухьэдин и къуэм - Тэрч муниципальнэ районым и «Район сымаджэщ нэхъыщхьэ» узыншагъэр хъумэныкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и хирург къудамэм и дохутыр травматолог-ортопедым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и къегъэлакІуэ»

Сарбашев Камал Таусо и къуэм - Урысейм и МЧС-м и Іуащхьэмахуэ бгы лъагэ къэлъыхъуакІуэ - къебгъэлакІуэ отрядым - «Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щ1ыналъэ къэлъыхъуакІуэ-къебгъэлакІуэ отряд» федеральнэ къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и къудамэм и къэлъыхъуакІуэ-къебгъэлакІуэ гупым япэ классым хьыхь и къегъэлакІуэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и ухуакІуэ»

Маммеев Виктор Ибрэхьим и къуэм - жэуап зэхэгъэщхьэхуакІа зыхь «Дортранссервис» обществэм и унафэщІым и къуэдзэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и егъэджакІуэ»

Щэшэн ФатІимэт Пщ1эзбий и пхъум - Налшык къалэ округым «Къудащ Е. Къ. и цІэкІэ щыІэ гимназие №14» муниципальнэ кІэзонэ курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэм географиемкІэ щезыгъаджэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м
№41-УГ

ГуащІэкІэ фІыщІэ къэзылэжьахэр

Урысейм и махуэм ирихьэлІэу КъБР-м и Правительствэм щагъэлъэпІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Зыужьныгъэм зи гуащІэ хэзылъхьахэр, зыпэрыт Іэнатіэм зэфІэкІ ин къыщызыгъэлъэгъуахэр. Абыхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ, дамыгъэ щапІэхэр, щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр яритыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

- СИГУМИ си псэми кьыбгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхухэм сохъуэхъу Урысейм и махуэмкІэ. Къэрал махуэшхуэр и дамыгъэщ лІэщІыгъуэкІэрэ ди къэралым игъэпса тхыдэм, екъулІэныгъэхэм, текІуныгъэхэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм я зэхущытыкІэ дахэм, ди нэхъыжьхэм ныхтхалъхьа лъапІэныгъэу Хэку лъагъуныгъэмрэ жэуаллныгъэмрэ. Зэкъуэтыныгъэмрэ жэуаллныгъэмрэ сыт хуэдэ зэманми сэбэп хъуащ къэралым лъэпощхьэпохэмрэ гугъуехьхэмрэ кьызэринэкІынымкІэ, гъащІэм кьигъэув сыт хуэдэ Іуэхугъуэми дыхуэхьэзырынымкІэ. Нобэ, Урысейр щытыкІэ гугъу щихуа зэманми, а щэныфІхэр сэбэп къахуохъу ди къэралым и шынагъуэншагъэр яхъумэу дзэ Іуэху хэхам щыІэхэм. Ди къарумрэ лъэкІыныгъэмрэ зэдгъэуІуу къэралым дыкъыщхьэщыжын зэрыхуейм теухуа гупсысэм нэхъри дызэкъуэувэ дещІ, - жиІащ Іэтащхьэм. Гулъытэ зыхуащІахэм я гугъу щищІым, щхьэхуэу зыбжанэм я цІэ кьриІуащ:

- Нобэ кьытхуеблэгъащ зи акъылкІэ, хэлъэткІэ, гупсысэкІэ республикэми къэралми хэлъхьэныгъэ хуэзыщІхэр, зи екъулІэныгъэхэмрэ зэфІэкІхэмрэ къэрал гулъытэ игъэтахэр. ДгъэлъапІэхэм яхэтщ хахуагъэкІэ, лыгъэкІэ зыпэрыт Іэнатіэм зэфІэкІ щызыгъэлъэгъуахэр - Урысей армэм, къэрал кІуэцІ Іуэхуэкмкіэ министерствэм, Урысейм и лъэпкъ гвардием и офицерхэр. Апхуэдэхэр сыстым дежи хуэпэжщ кьулыкъу щыпэрыувэм ятя тхьэрыІуэм. ФІыщІэ ин фхудощІ кьыфІлыкьуэкІ хэкупсагъэмрэ пэжагъэмрэ, кьулыкъым хэфІлхьэ жэуаллныгъэм папщІэ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейщ, нэгъуэщІ ди лъахэгъуэхэм хуэдэу, дзэ кьулыкъым лІыгъэ хэлъу пэрыт Хьэбылев Зэкъуэн. ФІыщІэ ин хэлъу вжвэзоЗ: дэркІэ щапхъэ фохъу фэ. Тхьэм уигъэпсэу, ди кьуэш! Дзэ кьулыкъым кьымкІуэту пэрытхэр Тхьэм фигъэпсэу!

И цІэр кьисІуэнут Урысей Федерацэм и Президентым и Унафэкіэ «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр кьызыхуагъэфэща Мечукаев Азрети. Абы и ГащІэр триухуащ лэжьыгъэм, суд-медицинэ экспертизэм, илъэс 20-м щІигъкІэ КъБР-м Ухьишагъэр хъумэныкІэ и министерствэм судмедэкспертизэмкІэ и бюром и унафэщІу щытащ. Нобэ а Іэнатіэм щолажьэ, нэхъ щІалэхэм щІэныгъэкІэ ядэгуашэу. Апхуэдэу, ди Президентым и Унафэкіэ «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр кьыхуагъэфэщащ ди республикэми, къэралми, хамэ къаралхэми фІыуэ кьыщацІыху ди лъахэгъу, ди ныбжьэгъу, уэрэджэныгъэ Нэхущ Чэрим. Макъдахэкіэ, артист зэфІэкІкІэ гъуэзджэм лъагапІэхэр щызыІэригъэхьащ абы. Нобэ ар хуэфащуэ яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и лэжьакІуэ пажэхэм. Мечукаев Азрети Нэхущ Чэрим сохъуэхъу ди Президентым и гулъытэ лъагэ зэрагъуэтамкІэ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

Адэкіэ кьыхигъэщащ ягъэпажэхэр Іэщ1агъэ зэхуэмыдэхэм зэрыпэрытыр, дэтхэнэри зэрыщхьэпэр, республикэм и пщІэми и ехьулІэныгъэхэми абыхэм кьызэрыхагъахьуэр. Я гугъу ищІащ производствэм, гъуэгу, ухуэныгъэ Іэнатіэхэм, щІы-промышленнэ комплексым я лэжьакІуэхэм.

- Нобэ дгъэлъапІэхэм яхэтщ медицинэм и лэжьакІуэхэр, цІыхум и уэныщагъэр хъумэнымрэ и гъащІэр кьегъэлъныгъэ гуэр псэкІэ кьыхэзыхахэр. Фи лэжьыгъэм ефхьэлІэн хуей мэхъу жэуаллныгъэшхуэ, гущІэгъу, гулъытэ, псэ хуабагъэ. Апхуэдэ зэфІэкІ льагэрэ щыхуГъэрэ кьалъэныкъуэкІ щыхуэхэм кьащхьэщыжьныкІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм. Социальнэ лэжьакІуэу ущытыныр тыншкъым, ауэ ар икъукІэ Іэщ1агъэ щыхьэпэщ. Фэ гугъэ яхьволъхьэжьр дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм, сэбэп фохъу абыхэм гъащІэм увыпІэ щхьэхуэ зэрыщуубыдыр зыхащІэныкІэ. Ди цІыхухэм яхуэфщІ гулъытэм, абыхэм я гъащІэм теухуауэ фиІэ гудзакъэм папщІэ щытхъу фхуэфащэщ. Нобэ дгъэлъапІэхэм яхэтщ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр. Абыхэм зэчий дахэкІэ кьалэжьащ цІыхухэм я пщІэр. Дамыгъэ лъапІэхэр яхудогъэфащэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэмк. Журналистхэм Іэщ1агъэм кьыщагъэльагъуэ зэфІэкІым зыкъомкІэ елъытащ республикэм и жылагъуэ-политикэ щытыкІэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщІэр. Апхуэдэу, зэІущІэм щІэсщ къэрал Іуэхущ1апІэхэм, щІыпІэ самоуправленэхэм, егъэджэныгъэм, спортым я лэжьакІуэхэр, хэхакІуэ комиссэхэм хэтхэр, нэгъуэщІ Іэнатіэ щхьэхуэхэм пэрытхэр. Дэтхэнэми екъулІэныгъэхэмкІэ лэжьыгъэм хилъхьэ гуащІкіэ кьылэжьащ пщІэ.

Ныбжьэгъухэ! ЕкъулІэныгъэ щывгъэлъэгъуащ лэжьыгъэм, фи зэфІэкІыр фщІащ нэрылъагъу, республикэми я къэралми сэбэп фахуэхъуащ. Хэкум пэжагъкІэ фыз зэрыбгъэдэтым папщІэ фІыщІэ фхузощІ, абы кьыпэкІуэу я къэрал дамыгъэ кьызэрыфхуагъэфэщагъэмкІи сныыводхъэхъу. Фыуэныщэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм хуэщхьэпэн екъулІэныгъэщІэхэр фиІэу Тхьэм фигъэпсэу!» - жиІащ КІуэкІуэ Казбек, икІи дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэщащэхэм яритыжащ.

Урысей Федерацэм и Президентым и Унафэкіэ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ хуищІа зэлъхьэныгъэхэм папщІэ «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр кьыфІащащ «Артист продакшн» ООО-м и генеральнэ унафэщІ Нэхущ Чэрим. Узыншагъэр хъумэным илъэс куэдкІэ псэ хьэлэлкІэ зэрыпэрытам папщІэ «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр кьыхуагъэфэщащ суд-мед эксперт, ГБУЗ-м экспертизэ нэхъ гугъуэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Мечукаев Азрет. Инфраструктурэ проект щхьэхуэхэр гъэзэщІэным хуищІа хэлъхьэныгъэм, Іэщ1агъэм кьыщигъэльагъуэ зэфІэкІым папщІэ Урысей Федерацэм и щІыхь тхылъ хуагъэфэщащ псэуалъэпхъэхэр кьызэщІыгъэкІыу Налшык дэт заводым и унафэщІ Гемуев Калет.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэкіэ дзэ Іуэху хэхам кьыщигъэльагъуэ лІыгъэмрэ зэфІэкІ ин зыкъомкІэ щІэсщ Ипщ дзэ округым и 70-нэ полкым и командир Хьэбылэ Анзор.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Унафэкіэ Іэнатіэм кьыщагъэльагъуа зэфІэкІхэм папщІэ КъБР-м и щІыхь тхылъ хуагъэфэщащ Шэрэдж районым мэкъумэш Іэнатіэмрэ хадэхэкІэмкІэ и Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьэ Анахаев Далхат, Лъэпкъ гвардием КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ Акбобеков Жэмал, КъБР-м и Суд Іуэхущ1апІэ Нэхъыщхьэм и судья Багъ Тамарэ, КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир, «Къэбэрдей-Балъкъэр мэз гъэкІыпІэ» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Гаев Шамиль, «Майские новости» газетым и редактор нэхъыщхьэ Герасимовэ Светланэ, Налшык дэт къалэ сымаджэщ 2-нэм и дохутыр нэхъыщхьэ Емуз Маринэ, КъБР-м и МВД-м учёт-регистрацэм кІэлъыпІэныкІэ штабым и къудамэм и унафэщІым и куэдзэ Жанатаев Магомед, «Газпром» ООО-м и щІэныпІэ зиІэ и артист» цІэ лъапІэр кьыфІащащ «Артист продакшн» ООО-м и генеральнэ унафэщІ Нэхущ Чэрим. Узыншагъэр хъумэным илъэс куэдкІэ псэ хьэлэлкІэ зэрыпэрытам папщІэ «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр кьыхуагъэфэщащ суд-мед эксперт, ГБУЗ-м экспертизэ нэхъ гугъуэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Мечукаев Азрет. Инфраструктурэ проект щхьэхуэхэр гъэзэщІэным хуищІа хэлъхьэныгъэм, Іэщ1агъэм кьыщигъэльагъуэ зэфІэкІым папщІэ Урысей Федерацэм и щІыхь тхылъ хуагъэфэщащ псэуалъэпхъэхэр кьызэщІыгъэкІыу Налшык дэт заводым и унафэщІ Гемуев Калет.

Сэбан Руслан, Урысей «Сбербанкым» и 8631-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм структурэ къудамэхэмкІэ и унафэщІ Саутич Оксанэ, Лъэпкъ гвардием КъБР-м щиІэ и къудамэм и «Эльрус» отрядым и командир Сунш Азэмэт.

КъБР-м и цІэ лъапІэхэр фІащащ Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм нэхъыфІу кьыщалъытахэм.

«КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ» цІэр хуагъэфэщащ Урысейм и сурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэт ПІаз Александр. «КъБР-м щІыхь зиІэ и артист» фІащащ «Кабардинка» ансамблым и артист Алэкъэй Азэмэт, «Балкария» ансамблым и артисткэхэу Жабоевэ Анжелэрэ Мусаевэ Аминатрэ. «КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист» цІэр хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр ГТРК-м хъыбарыщІэ программэхэмкІэ службэм и унафэщІ Суйдым Бесльэн. «КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» фІащащ «Родные просторы» хорым и художественнэ унафэщІ Волошин Валерий, Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхъэ кьэрал лъэпкъ библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм и унафэщІ Гергоковэ Лейлэ, Налшык дэт Сабий макъамэ школ №22-м и унафэщІым егъэджэныгъэмкІэ и къуэдзэ Молэ Светланэ. «КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр» фІащащ Тэрч районым щыІэ Плановскэ къуажэм и сымаджэщым и унафэщІ Тау Эллэ. «КъБР-м мэкъумэш Іэнатіэмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» хуащ Налшык дэт ветеринар-экспертизэ лабораторэ №27-м и унафэщІ Елокъуэ Арсен. «КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ» фІащащ Шэрэдж районым хыхьэ Къэщкъэтау къуажэм дэт курыт еджапІэм пэщІэдзэ классхэр щезыгъаджэ Тогуаевэ Кларэ. «КъБР-м и цІыхухэм щІыхь зиІэ я кьыщхьащІыжакІуэ» цІэр фІащащ ЦІыхухэм социальнэ Іуэхутхьэбзэ етыныкІэ республикэ центрым и лэжьакІуэ Лёвинэ Татьянэрэ Лэжьыгъэмкіэ, гуащІэдзкІымкІэ, социальнэ кьыщхьащыжыныгъэмкІэ республикэ центрым и лэжьакІуэ Гаевэ Ларисэрэ. «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр фІащащ Бахьсэн районым щыІэ спорт школ №2-м бэнэкІэ хуитымкІэ и гъэсакІуэ ЛэмпІэжь Хьэсэн. «КъБР-м щІыхь зиІэ и къегъэлакІуэ» цІэр фІащащ КъБР-м мафІэсым пэщІэткъезыгъэл и Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ Ремизов Андрей. «КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист» фІащащ КъБР-м и Арбитражэ суд и унафэщІым и куэдзэ Шокъум Юрэ.

КъБР-м и фІыщІэ тхылъ иратащ зыпэрыт Іэнатіэм екъулІэныгъэ кьыщыщІэзыгъэльэгъуэ цІыху 24-м.

Кьыхуащіа пщІэр фІыщІэ ищІу зэІущІэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и Суд Нэхьащхьэм и судья Багъ Тамарэ икІи дунейр мамырыну, республикэм и щІыхухэм узынщагъэ яІэну хъуэхъуащ.

Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ ис мэслъыфэнэхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Къардэн Аскэрбий КъБР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІащ кьыхигъэфэща гулъытэм папщІэ. Ар республикэм и цІыхухэм екъуэхъуащ Урысейм и махуэмкІэ. Апхуэдэу, КъБР-м ис муслъымэнхэм екъуэхъуащ Къурмэн махуэр кьызэрыблагъэм теухуауэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ЗыгъэпсэхупӀэхэм лэжьыгъэшхуэ иращӀыӀэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек «Къэкіуэнум и дуней: Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэшхуэ» планарнэ сессием къыщІэпсэльащ.

МЭЗКУУ щыщІыкІэм, КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек** хэтащ ВДНХ-м щекІуэкІа «Къэкіуэнум и дуней: Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэшхуэ» планарнэ зэІущІэм. Къыщхъуэсахэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьар Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупӀэхэм зауэжьын папщІэ, ахъшэ хэзылъхьэнухэр къешэлІа зэрэхъуну щІыкІэрэр. ХьэщІэхэр иригъэблагъащ УФ-м и Президентым и полномочнэ ЛІыкІуэу КИФЦІ-м щІэ **Чайкэ Юрий**. ЗэІущІэм къыщаІэта Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Новак Александр**, УФ-м экономикэ зыужьынымгъэмкІэ и министр **Решетников Максим**, щІыналъэхэм я унафэщІхэр.

Новак Александр жиІащ: «Сэ сыызэрепльымкІэ, экономикэм щынэхъыщхьэр цІыхухэрщ. НэгъуэщІ жьІпІэмэ, экономикэм и зыужьынигъэр щІыналъэм щыпсэу цІыху зыбжанэм я лэжьэкІэм елъытащ. Кавказ Ищхъэрэр цІыхухэ хэхъуэ зиІэ щІыналъэщ. Мыбы сабий нэхъыбэ къащІыщІохъуэ, езы цІыхухэри ику иту ильэс 77-кІэ мэпсэу».

Решетников Максим тепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм инвестицэхэр нэхъыбэу зыхалъхьэ и къудамэхэм: электроэнергетикэм, мэкъумэш комплексым, санаторэ-зыгъэпсэхупӀэхэм. УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэм ипкъ иткІэ и лъэныкъуэ псоми гулъытэшхуэ хуащІынуц.

КІуэкІуэ Казбек къыщыпсалъэм и гугъу иІащ «Налшык» зыгъэпсэхупӀэм зэрызебгъэжьыфыну лъэныкъуэхэм. Къэрал мылхьэнэ зиІэ зыгъэпсэхупӀэ абы зэрыфІащрэ ильэс 25-рэ мэхъу. ЗыгъэпсэхуакІуэ къакІуэхэм я бжыгъэр 2018 гъэм щегъэжьауэ хуэдиплкІэ хэхъуащ: мин 34-м щегъэжьауэ 2023 гъэм зыхуэхІуа мини 133-м нэс. ЗыгъэпсэхупӀэм зэрызиужьыпхъэ план зэхалъхьакІэщ. ЗэІущІэщІ 9 къыхэзІухащ, иджырей отели 5 ящІынущ. Инвесторхэм лэжьыгъэм сом 1 мелардрэ ныкъуэрэ ирахьэлІакІэщ. Иджыпстурей Іуэхукіэ цІыху 6839-м нэс зыхуей щыхуагъэззэфыну апхуэдэщ. 2030 гъэ пщІонэ а бжыгъэр мини 10-м хуагъэкІуэфыну щогугъ. Ухуэныгъэхэм кьедза инфраструктурэм жьы щІэту зрагъэужь. Ильэситхуэм и кІуэцІкІэ сом меларди 5 трагъэкІуэдащ пщІантІэхэр, уэрамхэр, цІыху эзблэкІыпІэхэр зыхуей хуагъэззэным. Инвесторхэм щыналъэм я ахъшэр щІыщагъэпэжьэн щхьэпэжьэгъэ я куэдщ: сыт и лъэныкъуэкІи зыгъэралым закъыщигъэжьуэнущ, налогхэмкІэ худачыхьынущ, а псомкІи къэралым шэсыпІэ къаруту.

«ЗэрыхуэдгъэфащэмкІэ, 2030 гъэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къакІуэ туристхэм я бжыгъэр цІыху мелуани 2,5-м нэсынущ, республикэм и мылъкум щыщу процент 8-м нэс иубыду. 2030 гъэм «Налшык» зыгъэпсэхупӀэм турист мин 400-м нэс къетщІэфынру дыщогугъ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, УФ-м и Президент Путин Владимир Правительствэм хэтхэмрэ губернаторхэмрэ щахуэзам, къэралым и кІуэцІым туристэ Іуэхум кьыхагъахьуэ мылъкур дызыхуэкІуэ ильэсипщІым къыубыдэу процент 5-кІэ нэхъыбэ ящІыну унафэ ищІауэ щытащ. Правительствэм турист Іуэхум хуиутІыпщ мылъкур кьыштощІыпІэ ильэсихьи и планым храгъэубыдэн хуейщ. Абы хуаутынщІ мылъкур 2025 - 2030 гъэхэм сом мелард 403-м нэхърэ мынэхъ мащІэу щытыну хуагъэфащэ.

Урысейм и паспортыр иратыж

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым Урысей Федерацэм и паспортыр иратыжащ ныбжьыщІэ 39-м. Балигъ зэрыхъуам щыхьэт техьуэ дэфтэр нэхъыщхьэр курыт еджапІэхэм щІэсхэм яІэрыхьэжащ Урысейм и махуэм и пэ къихуэу.

РЕСПУБЛИКЭМ и школакІуэхэм яІущІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, жылагъуэм зегъэужьыныкъэ зыгъэбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Къумал Заурбэч**, КъБР-м и МВД-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхугъэмкіэ и упреланэм и унафэщым и къуэдзэ, полицэм и полковник **Къэрэнашэ Асльэн** сымэ.

Хьэщіэхэм псалъэ гуапэкіэ захуигъэзащ, ежьхэм хуащ Егоровэ Татьянэ.

- Паспорт зрат ныбжьыщІэхэм мы махуэр я гум ирагъыдэну дыхуейуэ, зэр тедгъэхущ Урысейм и махуэм. Парламентым къедгъэблагъащ республикэм и щІыналъэхэм щІэІэ курыт еджапІэхэм щІэс ныбжьыщІэ жанхэр. ЩІалэхэ, хъыджкбзэхэ, фэ ди къэралышхуэм фрицІыхуащ. Едхэным, спортым, жылагъуэ Іуэхуэм ежьуІэныгъэхэр къыщывгъэлъэгъуэну фыхуэнсакІэщ. Догугъэ, къэралыр фІыуэ зыІьгъэ цІыху нэс къыфрохькІыну. Фыщалтъхуэ щІынэлъэрыкъуэныкъуэщ, фэращ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкІуэнур. Мы зэманым фэркІэ нэхъыщхьэр гъащІэм къыщыфхуэщхьэпэн, щІэщыгъуэ зыхэфлъхьэфын Іэщіагъэ къыхэфхыныщ. Жьэрычэт Іуэху, гъуэзджэ, спорт, политик е нэгъуэщІ Іэщіагъэ ирехъуи, абы егупсысагъэ зэпэлъытауэ фыпэрыувэн хуейщ. ФІыуэ федэжь, мурадэр вгъэув, ахэр зэрегъэхъулІэным фытегушхуэ! ЕхъулІэныгъэхэр фиІэну сыныввохъуэхъу! - жиІащ Парламентым и Унафэщым.

- Урысейм и паспортыр къыпІэрыхьэным жэуапныныгъэ пылъщ. Дэфтэр лъапІэм и щІыхьэр фхъумэу, ежьуІэныгъэхэр зыІэрывгъэхьэ. Абы папщІэ феджэ: егъэджакІуэхэм къыжякІэхэр фигу ивубІэда, нэхъыжьхэм я ущиежэр зыхэфлъхьэ. ФыкьэмыувыІэ, гъэлъэгъуамкІэ, я кьалэнхэм нэхъ пэлъэщу къыщІэкІар Іуэхущіапіи 4-щ.

Мы унэтІныныгъэмкІэ къэралым щызекІуэ хабзэм игъуэт зэхъуэкІыныгъэхэр унэхэр зезыхьэ Іуэхущіапіэхэм я гугъэ-зэІуэнымкІэ комитетым зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьызэрегъэпэщ. Апхуэдэу, 2023 гъэм къриубыдэу жылагъуэм я тхьэусыхафэ 251-м хэпІащ комитетыр.

Унэм ехьэлІа Іуэхутхьэбзэхэм, Іуэхугъуэхэм, упщІэхэм, хабзэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм дэтхэнэми щыгъуазэ зыщищІыкІыныщ «Госуслуги. Дом» телефон гуэдзэныкІэ. Я гуэдзэныр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэлъэныным теухуауэ, ди цІыхухэм хуиту къаГъэсэбэпыныжкІэ лъжьыгъэшхуэ иregъэкІуэкІ Іуэхущіапіи.

Егоровэ Татьянэ къыхэгъащІащ цІыхухэм ЖКХ-м ехпхуэ гукъеуэ куэд зэрэІэр, я Іуэхуэхэр зэхэгъэкІыныкІэ депутатхэр щІэгъэкъуэн яхуэхъуну лъаІуэу къазэрыхуэтхэр, иКІи я къару къызэрихькІэ зэрадэІэпыкъуэр. Парламентым и Унафэщым щІэзэупщІащ управляющэ Іуэхущіапіэхэм я гъэжьыгъэр зэрагъэзэащІэр къызэрапщытэм.

Мэкъушэм зэхуэсІамкІэ, апхуэдэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ къаГъэлъэлъагъуэ бжьыгъэхэр комитетым къызэримыпщытэр, езы упрелэнэхэм я лэжьыгъэмкІэ яхьжауапым ар зэрыщыщыр.

ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэныныкІэ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщым и къуэдзэ Бегъердыкэ Владимир къыхихлъхьащ къат куэду зытет унэхэм щІэсхэм къызэдагъэсэбэп мылъкум теухуауэ щІыхуэм ят уасэр зэрагъэбелджылымрэ къыхахар къызэрагъэсэбэныпмрэ кІэлъыплъ щыІэн зэрыхуейр.

УхуэныгъэмкІэ, ЖКХ-рэ гъэсэныпхъэ комплексымкІэ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ Токъу Руслан жиІащ управляющэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр зэрагъэзэщІэр къызэрапщытэм. Мы Іуэхуэм зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ къаГъэлъэлъагъуэ бжьыгъэхэр комитетым къызэримыпщытэр, езы упрелэнэхэм я лэжьыгъэмкІэ яхьжауапым ар зэрыщыщыр.

ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэныныкІэ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщым и къуэдзэ Бегъердыкэ Владимир къыхихлъхьащ къат куэду зытет унэхэм щІэсхэм къызэдагъэсэбэп мылъкум теухуауэ щІыхуэм ят уасэр зэрагъэбелджылымрэ къыхахар къызэрагъэсэбэныпмрэ кІэлъыплъ щыІэн зэрыхуейр.

УхуэныгъэмкІэ, ЖКХ-рэ гъэсэныпхъэ комплексымкІэ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ Токъу Руслан жиІащ управляющэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр зэрагъэзэщІэр къызэрапщытэм. Мы Іуэхуэм зэрыжиІамкІэ, къат куэду зытет унэхэм я Іуэхуэхэр зехьэныкІэ хьэрычэтыщІэ 22-м хуитыныгъэ ираташ 2023 гъэм, 2024 гъэм – 9.

Апхуэдэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр къыщыпхтэ хабзэщ 2017 гъэ лъандэрэ. ИкІи КъБР-м щрагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, я кьалэнхэм нэхъ пэлъэщу къыщІэкІар Іуэхущіапіи 4-щ.

Мы унэтІныныгъэмкІэ къэралым щызекІуэ хабзэм игъуэт зэхъуэкІыныгъэхэр унэхэр зезыхьэ Іуэхущіапіэхэм я гугъэ-зэІуэнымкІэ комитетым зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьызэрегъэпэщ. Апхуэдэу, 2023 гъэм къриубыдэу жылагъуэм я тхьэусыхафэ 251-м хэпІащ комитетыр.

Унэм ехьэлІа Іуэхутхьэбзэхэм, Іуэхугъуэхэм, упщІэхэм, хабзэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм дэтхэнэми щыгъуазэ зыщищІыкІыныщ «Госуслуги. Дом» телефон гуэдзэныкІэ. Я гуэдзэныр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэлъэныным теухуауэ, ди цІыхухэм хуиту къаГъэсэбэпыныжкІэ лъжьыгъэшхуэ иregъэкІуэкІ Іуэхущіапіи.

Егоровэ Татьянэ къыхэгъащІащ цІыхухэм ЖКХ-м ехпхуэ гукъеуэ куэд зэрэІэр, я Іуэхуэхэр зэхэгъэкІыныкІэ депутатхэр щІэгъэкъуэн яхуэхъуну лъаІуэу къазэрыхуэтхэр, иКІи я къару къызэрихькІэ зэрадэІэпыкъуэр. Парламентым и Унафэщым щІэзэупщІащ управляющэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр зэрагъэзэщІэр къызэрапщытэм.

Мэкъушэм зэхуэсІамкІэ, апхуэдэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ къаГъэлъэлъагъуэ бжьыгъэхэр комитетым къызэримыпщытэр, езы упрелэнэхэм я лэжьыгъэмкІэ яхьжауапым ар зэрыщыщыр.

ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэныныкІэ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщым и къуэдзэ Токъу Руслан жиІащ управляющэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр зэрагъэзэщІэр къызэрапщытэм.

Мы Іуэхуэм зэрыжиІамкІэ, къат куэду зытет унэхэм зэрызэрахъэм трагъэхуэ зэрамыгъэзащІэкІэ зыхуэдэм тетІащ», - жиІащ Путин Владимир.

Нобэ

♦**Лъы зытым и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхугъэ зэкІэлъыхьыгъэкІуэ и къулыкъушІапІэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**1936 гъэм** КъБАССР-м гъуэджэхэмкІэ и управленэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакІуэ, драматург, егъэджакІуэ **ЛІыхэс Мухьдин**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, журналист **Хьэщы-къуэй Олег**.

♦**1971 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, «Нур» журналым и редактор нэхъыщІхьэ **Аброкъуэ Белла**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 28-рэ, жэщым градус 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гур зыхуеІэм Іэр лъоІэс.

Къат куэду зэтет унэхэм ятеухуауэ



КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иригъэкІуэкІащ республикэм и хабзэубзыху органым и зи чэзу зэІущІэ. «Правительствэм и сыхьэтым» къриубыдэу Парламентым хэтхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къат куэду зытет унэхэр хабзэм тету зэрызэрахьэм кІэлъыплъ къэралыр надзорым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным.

ЗэІущІэм къыщыпсэльащ Тарифхэмрэ псэупІэхэм кІэлъыплъыныкІэ КъБР-м и Къэралыр комитетым и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Мэкъушэ Алим. Абы зэрыжиІамкІэ, республикэм унэу итыр метр зэбгъэзанатІэ мелуан 18 ирокъу, къат куэду зэтет унэхэр (МКД) 2692-рэ мэхъу. Къат куэду зэтет унэхэм ящыщу 1806-м я Іуэхуэр зегъэкІуэным йолэжь юристи 181-рэ. Унэ 1682-р нэгъэщІ Іуэхущіапіэ 84-м ехпащ, унэ 635-р щыпсэуэхэм зрахъэжь, 251-м иджырэ зы унафи ягъуэтакъым.

2023 гъэм къриубыдэу комитетыр хэплащ цІыхухэм зэрызыкъуагъэзэ Іуэху 2494-рэ, 2024 гъэм и ныкъуэ мазищым къриубыдэу – 410-м. Нэгъабэ псэущІэгъэнагъэ 185-рэ, инспекцэ 26-рэ ирагъэкІуэкІащ.

А псоми кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, 2023 гъэм псэупІэм теухуа законодательствэр 202-рэ кьызэпаудащ, мы гъэм и ныкъуэ мазищым къриубыдэу – 89-рэ. Абы пэкІуэжу 2023 гъэм КъБР-м и псэупІэ инспекцэм и лэжьакІуэхэм ятхащ а ныкъуэ мазищым къриубыдэу – 89-рэ. Абы пэкІуэжу 2023 гъэм КъБР-м и псэупІэ инспекцэм и лэжьакІуэхэм ятхащ а ныкъуэ мазищым къриубыдэу – 89-рэ. Абы пэкІуэжу 2023 гъэм, 2024 гъэм и

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

Андемыркъан и хъыбар

Андемыркъан хы тІуащІэ гуэрым къыщалъхуащ. Къэзылъхуа фызыр псыхъэ кІуауэ хы Іуфэм Іусу къыльхуащ Андемыркъан. И бостеикІэр зыфІихри, кьришэкІщ сабийми, ауэ игъэтІылъащ. Езым зигъэкъабзэкыну псы Іуфэмкі Іукіуэтащ. Абы хэту сабийм бгъэ кьеуэри ихьащ. Сабийр бгъэм хым кьыззэприхащ.

Шу гуп зэришэу, Андемыр и цІэу зы лЫкІ гуэр щыІэти, и гупыр дащІыгъуу щакІуэ къиІыжу, абыхэм къаГъэтащ бгъэ абгъэм илъу жыгащыщхъэм тесу. Ар щакІуэхэм къраХьэхри, Андемыр ираташ, бынынштэри.

Ауэрэ, щалэр танэфІ хъуауэ, Алъхъо и къуэр Андемыркъан и щакІуэгъуу щІытти, кІуащ «щакІуэ дыгъакІуэ», жиІэри. Ахэр щакІуэ щыкІуэм, Андемыр и къану Андемыркъан зыфІищар елъэІуащ:

– Сыздэфшэ сэри пщафІэу, – жиІэри.

– Дэнэт уэ, уэ шым утепщхьэнти, – жаІэри здамышэу дэкІахэщ. ЕтІуанэ махуэм, «шыжь, уанэжь» жиІэри зэригъэпэщащ икІи Андемыркъанаир щакІуэ кІуаХэм якІэлъыдэкІащ. Здэзышэн зымыдаХэм яхуэзэжащ. Хэти хъущІащ зэракІэзыкІуам щхьакІэ, хэти идащ. ЯщІыгъу хъуащ, жэщкІэ шыхэр хегъэпщ, махуэм яхуопщафІэ. Гу лъатэ хъуащ щалэр зэрыжаным.

Андемыри гуфІэ хъуащ: «Си къаныр лЫ хъунущ», – жиІэри.

Жэщищ-плЫ шы щыхигъэпщам, пщэдджажь кІэзс ильэгъащ шыбэитІуэ зы хакІуэрэ хым хэпкІэжрэ исыкІыжу. Абы ещэуэрэ, зы пщэдджажь гуэрым шищри игъуэлЫыкІауэ дыгъэпсым зрагъэууэ щылъу ильэгъащ. Зым епщылІэри зридзащ, шыхэр къыщылъэтри, хуэзтемыубыдэу, псым хэпкІэжхэри ирахащ. Шыхэр зейм я дежь дзлъэдзжащ, куэбжьм елъэжри. Зейхэр къыщІэжэри щалэм къеупщІащ:

- Дэнэ укъикІа, дауэрэ мы ди шым ушэса? - жаІэри.

И Іуэхур къызэрекІуэкІар ящриащ.

- АтІэ, дэнэ укъикІами, дэ утущыщ, мор уи адэщ, дэ дыуишытхъуащ, мыр уи анэщ. Мыпхуэдэу бгъэм утфІихьауэ щытащ, адэ мыармэ димыльэпкъ ди шы лъэпкъым шэсыфыркъым, – жаІащ.

- Хьэуэ, сэ зыри сщІэркъым, – щыжиІэм, хъыджэбзхэм затІэщІри, я плІэхэм анэм къадилъху дамыгъэ гуэр телъу кьрагъэлъэгъуащ. – Уэри зытІэщІи, апхуэдэ дамыгъэ уи плІэм ямылъэ, дэ утущыщкъым, – жраІащ.

ЗитІэщІри – телъу хъыджэбзхэм я плІэм телъ дамыгъэм хуэдэ дыдэ. ИтІанэ Андемыркъаным жиІащ:

- Сыт хуэдэу щымытми, сымыкІуэжу хъунукъым сыкъызидкІам, ауэ сыкъэкІуэжынщ, къэзгъэзэжынщ.

Псалъэ яритри, шым ягъэшэсри, Андемыркъан къэкІуэжащ гупым я дежь. Зэрыхуэхэр ящидзыщащ. Шы кьызэрикІыжари ирутІупщыжащ. А шыхэр иужькІэ нэхъыбэ хуауэ кьикІауэ кьигуэтащ. Андемыркъан абыхэм елъэщэкІри, кьызэщІикъуауэ щыташ.

Мудар Хьэфэрэ нэгъуеймрэ

Мударкіэ еджэу щыІэт зы лІы мышынэ гуэр. Нэгъуейхэр Къэбэрдейм кьыщетІысылІа лъэхъэнэт. Нэгъуеидзэр Балъкъыпс кьримыгъэкІыу Мударыр Балъкъ мэз зы къуэдзанІэ ищІауэ хэст. Мударыр Іэджэри мэзым кьыхэкІыурэ сэтэйм тетурэ заузэт.

Мударым ш Іэджи кьытехуэрт. Шэуэ кьытехуэри, ауэ псым хэхуам хуэдэу, кІуэду фІэкІа зыхищІэртэкъым. Абы щхьэкІэ Мудар Хьэфэ жаІэрт. ИкІэм, зауэшхуэ къэхьри, нэгъуеидзэр зэтракъуэтэри, къэнэжакэри хэкум ирахужащ. Мударри мэзым кьыхэкІыжащ.

Мудар апхуэдизкІэ лЫгъэ зехьэным есати, мамыру щысыжьфыртэкъым. Ар зыкІэщІэупщІыкІырт, хэт сыт хуэдэ лІигъэ зэрихьэми зригъащІэрт. Ахэр кІуэгуэжэгу ищІыну фІэфІт.

Ауэрэ Мударым къеущІэ Андемыркъанкіэ еджэу зы лЫ бэлыхь гуэр зэрыщІэр. Мудар ар къигъуэтыну ёожьэ. Кьудрэ къикІухьа, мащІэрэ кьикІухьа - сытми, зэгуэрым, Мудар Бахъсэн Іоухэ. Бахъсэныжьыр кьиуат, нэрэ пэри ихьу. НэкъитІым зезыудэкІыу кьеукІуриев Бахъсэныжьым кьыхопкІэри Мударыр, кьэхуэфэжьеиём ещхьу, кьызэпросыкІ. Асыхэт дыдэм Андемыркъанри Бахъсэн псыхъэ мэзым щІэтт. Псым кьызэпрысыкІ шур кьилъагъуни, лъэныкъэ зригъэзащ. Псым кьикІа шур нэпкым кьызэрытехьэу Андемыркъанир щІэкІиящ. ЩІалэр кІий макъым хуеплъэкІа мыхъумэ, нэхъ хуабжи нэхъ хуэми хуеакъым. Андемыркъанир етІуанэу, нэхъ лъэщу, щІэкІинщ. Ауэ, къьщэтэным и пІэкІэ, Мударыр къэкІиижащ:

– Сэ, дуней сызыгъетар къэмыщтауэ, сыкъэщтэнукъым, алейуэ жъысщІамыкІие, – жиІэри.

Абы иужькІэ Андемыркъаныр мэзым кьыхэкІри зэбгъэдыхьаэщ.

ЦІыхугъэ зэхуэхъуахэщ. Мудар Андемыркъан иригъэблэгъащ. И Іуэху зытетыр кьыжригъэІащ. Игу ирихьащ. А зэманым Махуэгъэпс мэзыжькІ. А Махуэгъэпс мэзыжьым ацІэ лъхуа хэст. Абы цІыхухэр щыщынэрт. А лъэныкъуэр мэзакІуэхэм ябгынэжат. Зы махуэ гуэрым Андемыркъан и къэщІэр дрищыну, ацІэн лъхуам и деж Махуэгъэпс ишащ. АцІэным еуэн хуей щыхъум, Мударыр, нэхъ щІалагъэ ирихри, и мурадри жримыІэу, жыгым дригъэкІуещ.

АрщхьэкІэ ацІэн уэкІыгъэм Мудар жыгым пхутезэгъэнт? АцІэныбзэр иуклаеу, апщІондэху, и щІыбагъымкІэ ацІэныбзэр Андемыркъанкіэ щхьацІэтхъэ дыдэм кьосри, Мударым ацІэныбзэхьуэкІр тхьэкІымтІымкІэ еубыдри Іуех. Андемыркъан псынщІэу зыкъеГъаззри, Мудар иІыгъ ацІэныбзэхьуэм бжыкІэ йоуэри еукІ. Абы и ужькІэ лІыхъужьитІр зэдэІэпыкъуэрэ ацІэн шырхэри къагъуэт, яукІ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ Махуэгъэпсир а хьэкІэхъуэкІэ бзаджэм кьыІэщІахьк. ЛІыхъужьитІыр мэзым кьыщІокІыжри, кьуажэбгъуэм Іухьхэк.

Мудар хуежьащІэгъэжу, къэзрабгъафэ кьызуплъри, жыгым сыдзбгъэкІуеят, жеІэри мэкІуэ.

Уэ жыпІа, сэ жысІа? Сытми: «Мудар Хьэфэ Іэ пщІанэкІэ ацІэныхъуэ къиубыдащ», жаІэри пащтыхьым и деж нагъэсащ. Апхуэдэ щІыху щыІэну пащтыхьым хэт и фІэщ ищынт? Ауэ, жаІа щхьэукаІэ, игъэунэхуну Мудар ириджащ. Пащтыхьым зьхэкІэкъуэкІэу имыІэн щыІэт? Еуэри Мудару пльагъур, абы щыІэнур жримыІэу, ацІэныбзэшхэм щІигъэтІысхьэри, итІанэ ацІэныбзэр щІригъэутІыпщхьэжащ. АцІэныбзэр кьущІыхьэу щІилъагъуащ, Мудар дыхьэшхыу кьыпежьащ:

– Зэ удукІати, иджыри дэнэ укъикІыжа? – жиІэурэ.

АцІэныр, и мыхъэрэрэ щІыхур щІилъагъуащ, гуфжьауэ кьежэІащ. Мударри, зымащІэкІэ кьэмыщтэу, ацІэн кьэпхъуэр еуэри иридзэкІыж, кІэлъыпхъуэри и тхьэкІымитІыр зыІэригъэхьэри, кьиІэтщ, тридзэри зэгуидащ Мудар. Ар телъыдджэ кьызыщыхьуа пащтыхьым Мудар кьегъафІэ, тыгъэшхуэхэр кьыхуещІри кьеутІыпщыж.

Псалъэжьхэм къарыкІыр

Бацэр и бэщ, бзур и бынщ (ТхьэмыщкІэщ, бын и куэдщ, жыхуиІэщ).

Бжьыхьэпэ уэфІрэ пщы Іупэфіэгъуэрэ (ТІуми дзыхь яхуэпщІ хъунукъым).

Данэр льапэкІэ зэрехуэ (Зэщцыхэпыкіауэ къэзыкІухь цІыхубзым хужжаІэу щытащ).

Делэр бейм я гушэгъущ (Бейм здигъэгушэну щогугъ).

Жьыр и гупэу мэпсэу (Гугъуехым пэщІэту мэпсэу).

Лы къыІэрымыхьам дыгуужьым и дзэр ёгъэш (КъыпІэрымыхьам уегъэгушэ).

Лъакъуэ къуанщэ вакъэ хуэщщ (Вакъэ куэдрэ къэзыщэхум хужжаІэ).

МафІэ зэдщымыІэр тахъэтхъым (МафІэ здщымыІэм тхъэгъуэ щыІэжьым).

Пластэгъажьэ зиужьыкащ (Зи Іэхуу щІэкІэр фІы и лъэныкъэкІэ зиужьам хужжаІэ).

Си ГъунэгъУр мэдыхьэшхри сэри содыхьэшх (Іуэхум хэзыльмыщІыкІыу нэгъуэщІым зыдезыгъэкІум апхуэдэ псалъэ хужжаІэу щытащ).

Си хьэщІэ нэхърэ - си щІэн (ХьэщІэм сехьэулеилІэ нэхърэ, си Іуэху згъэзащІэмэ нэхъыфІщ).

Уэ блэ къуоамэ, сэ бэдж къызэуащ (Уэ къыпщыщІам нэхърэ нэхъыкІэж сэ си щхьэ кьрикІуащ).

Удз щынэр выфэм пхыкІыркъым (Къэуат зэрымыхьэр кьеГъэлГъуэ).

Къ.БР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрий, зэуХьлІэныгъэм (контракт) тету дзэм дашхэм я дэтэрэхэм щыхэпльэж Іуэхущ1аІэм и унафэщІ Дмитриев Виталий, комиссариатым и къудамэу армэм ираджэхэр зрашалІэм и унафэщІ Сапожников Константин сымэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм къытІущІащ.

АДРЕЙ ильэсхэми хуэдэу, мыгъэрей гъатхэ-гъэмахуэ армэ дэшыгъуэри, УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа учфэм ипкъ иткІэ, мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ бадзэуэгъуэм и 15 пщІондэ йокІуэкІ. Ди республикэм а щыкІэм тету дзэм дашынхэм я бжыгъэр, зыхуагъэувыжа мардэм тращІыхьымэ, 1000-м щынагъэблагъэнущ.

Армэм ираджэну къатохуэ зи ныбжьыр илъэс 18 хуэдэхэми колледжхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэр кьызэрыуахэми. АрщхьэкІэ, мы гъэми курыт еджапІэр кьыззэшнэкІэхэм ящыщу зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуахэр жэпуэгъэуэм и 1 пщІондэ армэм дашынжьым. ЕджапІэ нэхъыщхьэ е Іэщ1агъэ хэха щыІэрэ гъэуэгъэм колледжхэм щІэтІысхьэхэр зэман пыухыкІакІэ (я ёгъэгъуэр яухыу) дзэм ираджэнукъым. ПІалъэкІэ дамышыну хуитынигъэ я1щ Іэщ1агъэ щыІэрагъэгъуэт еджапІэхэмрэ университетинститутхэмрэ щІэсхэми.

- Іуэхур щызэкІэльыдгъэкІуэну Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щыдиІэщ дзэм дзэзыш комиссэу 14: пщыкІущІыр - районхэм, зыр - республикэм и кІэлащІэм. Гъатхэ-гъэмахуэ пІалъэм хуэдгъэхьэзыра щыІэну мыщ щыщу, армэм дедгъэшыну дзызыхунэсар мызэкІэ щыкІу 400-м нызэрыхьэсщ, - кьыхигъэщащ Пахомовым.

Комиссарым щхьэжьІэмкІэ, ди республикэм щыщу иджырей дэшыгъуэм хэхуэхэм я нэхъыбэр здагъакІуэр лъэсдздзэр арами, щІалэхэм кьахокІ хьідзэм хагъэхьэнухэри. Иужьрейхэм кьупльыну щрахьэкІыну Балтикэ тенджызым, яІбыщІэм, ях Хуэмым. КьинэмыщІауэ, щыІэщ лъэпкъ гвардием, хьэуа-десант, хъэршыдзэм ираджэхэри. Армэр хуейщ Урысейм и ДОСААФ-ми нэгъуэщІ абы хуэдэ еджапІэхэми яГъэхъэзыра, С категорие зиІэ машинэзехуэхэми.

Пахомовыр щыхьэт зэрытехьэхуэмкІэ, щІалэхэр щІэзыхуэшэс щІыпІкІэм гуфІэгъуэ щыкІэм тетуці зэрыІуащІэр. Дэтхэнэри, емыжьэ щыкІэ, дзэм зэрыхьэхьну щыгъынхэмкІэ яхуапэ, гъуэгум щІэгашхэ, кьулыкъу щрахьэкІыну щыІэнальэхэм пщІэ щІамыту нашэс, эдьнэсам гъэмахуэ-щымахуэ фащэхэмкІи кьыщІэзрагъэпэщ.

КьБР-м и Дзэ комиссарым, ди ипэ зэІущІэгъуэхэми хуэдэу, кьызэрыджИам тетщІыхьмэ, зи дзкІыгъуэу армэм ираджэхэр дзэ Іуэху хэха щекІуэкІ щІыпІэхэм яшэнукъым, къэралым кьыхагъэхьажагъащІэ щІынальэхэми кьулыкъу щрагъэхьэкІынчьэ, езыхэм я фІэфІыныгъэ халъхьэ а Іуэхум щыхуагъэхьэзыр дерсхэм пхыжьІауэ. Апхуэдэхэри, зыхуагъэпсыну Іуэхум фІыуэ щыгъуазэ хуамыщІауэ, зэпэщІэувэныгъэ гуащІэ щекІуэкІ щІыпІэхэми къэралым и щІынальэщІэхэми яшэнкъым.

- Республикэм и дзэ комиссэхэм къетшалІэхэращ щыху миным нэблагъэ хуэныкъохэтщІри. ДэркІэ нэхъапэр дзэм дгъакІуэхэм узышыгагъ тэмэм яІэныщІ. Я узышыгъэр хуэхъумэ - хыдогъэхьэ, хуэмыцхъэзырхэр – доутІыпщыж, - игъэбелджылащ Пахомовым.

ЗэрызэгурыІуэм тету

ЗэухьлІэныгъэм ипкъ иту дзэм кьулыкъу зэрыщрахьэкІым хуэгъэзауэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап щаритым, Дмитриев Виталий кьыхэкІыгъащ нэгъабэ мэлыжьыхьым и 15-м кьыщегъэжьауэ а Іуэхум телажьэу Налшык къали хэщІапІэ щыхьэуэ зэрагъэр, республикэм щыщхэр екІуалІэ хъуэ.

- Хэщ1апІэм и лэжьыгъэр зэтраухуащ, екІуалІэ дэтхэнэми а махуэ дыдэм (лэжьэгъуэ махуэхэми зыгъэпсэхугъуэхэми) зыщІэупщІэ псомкІи чэнджащ щитІыгъэрын хуэдэу. Іуэхьэкъм кьулыкъым нэхъ зыщыкъуагъэхьэзырыну хуейуэ кьагъэлъагъуэр, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу кьедбжэкІынщи, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэм пэгъунэгъуу щыІэ Тарскэ кьуажэ цІыкІум кьегъэщІыпІа мотострелковэ полкырщ, Ставроль крайм щыІэ хьэуа-десант дзэм и хэщІапІэр, Волгоград кьыщыззэрагъэпэща полкыІэрщ, - жиІащ Дмитриев Виталий.

ЗыхъуэмэжьыныгъэмкІэ министерствэм а щыкІэм тету зэгурыІуэныгъэ езыщыІ1эхэм къэралым бакъуэщІэм кьыхохъуэ. Дзэ Іуэху хэхэр здэкІуэкІ щІыпІэм кІуаХэм я мазэ улахуэр сом мин 210-м (сэлэтхэм ират) кьыщыщІэдзауэ нэхъыбаи мэхъу. КьинэмыщІауэ, апхуэдэм зэ тыгъуэу кьаІэрохьэ УФ-м ЗыхъуэмэжьыныгъэмкІэ и министерствэм и жэрдэм хэлъу – сом мин 195-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм кьыбгъэдэкІыну сом мин 300-м нэблагъэ. КьыхэзъэщІапхъэщ, а Іуэхум теухуауэ ятым республикэм и унафэщІхэм зэман дыдэхуэкІуэм хагъэхъуэну зэрамурадри.

Езым и фІэфІныныгъэкІэ дзэм зэгурыІуэныгъэ езыщІыпІэм зэхьэзыр зыкъызэрыщІигъакъуэм щыщщ «Ветеранхэм яхуэгъэзауэ» зыфІаща федеральнэ хабзэм къызэрыщагъэльэгъуауэ, ЗыхъуэмэжьыныгъэмкІэ министерствэм и мылькуКІэ фэтэр зыІэригъэхьэну хуитыныгъэ зэриІэр, езыми и ахъшэ зэрыхалъхьэ-кьыззэрыахьыж Іэхуэхэмкіэ къаГъэсэбэпныжьмкІи. Зи гугъу тщІы электроннэ картэм къаІэн зыбжанэ хуэгъэззэщІынуц: ар, псом япэрауэ, ахъшэ зэрыхэплъхьэ-кьыззэрыхэпхъэж хуэну кьиззэрыгуэкІ «Іэмэпсымэщ», етІуанэрауэ, ар социальнэ картэщ, ещанэрауэ, абы кьыщыгъэльэгъуащ зыІыгъым «ветеран» цІэр зэрызэрихьэр.

Дзэ Іэхуу хэхам кьулыкъу щезыхьэкІэхэм «СВОи» электрон картэр «ПСБ» ахъшэ хъумапІэм и щІынальэ къудамэм къызэригъэпэща «СВОи» электрон картэр Іэмалыфщ СССР лъэхъэнэхэм кьыщыщІэдзауэ зэ-уэ зэпэщІэувэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэта ди хэкуэгъуэмэ мы зэманым екІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэтэхэм къаралым яхуигъэбелджыла къыдэкІуэ щыІэм щІэнальэгъэльэгъуащ зыІыгъым «ветеран» цІэр зэрызэрихьэр.

Дзэ Іуэху хэхам кьулыкъу щезыхьэкІэхэм «СВОи» электрон картэр «ПСБ» ахъшэ хъумапІэм и дзэхэнэ къудамэми, ди республикэм кьыщызэІуахари хэту, кьыщрайкьыбгъуащ. Абы папщІэ яІыгъэн хуейр езыхэм я паспортымрэ зауэ зэпэщІэувэныгъэхэр щекІуэкІ щІыпІэм зэрыщыІэм щыхьэт техъуэ тхьэпшыІэмрэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Борэжьым и таурыхъ

Борэжь Ахуэмыгъэтыр хэкум, лЫкфІщ жаІэу, исурэ, и фызыр лІэри, зы щІалэ ямыІэнащ, и цІэр Тамбийуэ. Къудыщэ димыгъэкІыу, Борэжьым фызэ кьишэжащ. Ар лъхуэри, зы щІалэ кьиІьхуащ. ЦІэуэ Хьэжмурат фІащащ.

Фызым Тамбий илъагъу хъуртэкъым, ар Хьэжмурат сыт и лъэныкъуэкІи зэрыткІэуэм кьыхэкІыу.

Тамбий Хьэжмурат езауэрэ зыгуэркІэ Хьэжмуратыр гъа хъуамэ, зы махуэ-зы жэщкІэ Тамбийр имыгъашхэу щыригъэкІуэкІ щыІэу хэущІыгъэ. Борэжьри тІкІижьэм, Тамбий щышынэри, жриІэртэкъым. Абы хуэдэурэ, Тамбийри Хьэжмуратри балигъ хъуащ.

Зекіуэ зэдэкІуэу, хъунщІэ кьыздащІу хэкум Борэжь Ахуэмыгъуэт жыхуаІэм и щІалитІыр белджылы щыхъуащ. Борэжьри зекІуэ мыкІуэжу тІысыжащ. Абы хуэдэу екІуэкІырэ, зэгуэрым, щІалитІыр зекІуэ кІуэуэ къэту, здэкІуари, кьахунри, кьахьынури фызым зэригъэщІауэ щІэт. Борэжьыр зэрихуэу щІидзащ фызым:

– Уэ лІыжь ухъуакъым, зекІуэ умыкІуэн хуэдэу, моуэ дэкІи мокуэдэ Іуащхьэм тетІысхьи, абы утесурэ щыгуп зым кьихуу, ар япэ иту, абы и ужь зы шу, кІэс кьихьу ЗэкІуэжьинущи, уздэщысым ущысу а кІэс къэзыхьым уеуэнщи, ар кьебудыхьинщ. Ар кьебудыхьауэ япэ итым щилъагъукІэ, шынэнщи, щІэпхъэжьынщ. Уэ кІэсри щыхэри къэпхуэщи укъэкІуэжьынщ. Ауэ, япэ ит шум уеуэмэ, иужь ит шур хъуэунщи уиукІынщ, – жиІэри фызым быдэу Борэжьыр игъэІущри иутІыпщащ.

Іуащхьэм кІуэри тетІысхьауэ тесурэ, пщэдджькъ нэхущым Іэуэльауэ зэхихащ. КьэрпІлъэр зыІуидзэри пльэри, кьиІьэгъуащ шы гуп кьаХуэр кьэкІуэжу. Борэжьыр гуфІэщ, зэпэбащІэ хитІэри, и ерэжьбжьыр гриІэлъэдэри, и ешысурэ щыхэр къэзыхьу япэ итыр кьигъэсри, и гугъу имыщІу блигъэкІащ. Иужь ит кІэс къэзыхьыр кьыщысым, Борэжьыр зэхьэзыри, еуэри шым ириудыхащ. Япэ итым ар екъуэхуэу щилъагъум, щІэпхъэри ерагъэжащ.

Борэжьыр гуфІэу бгъэдыхьэри епльмэ, и Іуэх Тамбийр ары кьыщІэкІащ. Тамбийр нэхъуу кІеплъащ. И адэр ары кьыщыщІэкІым, и нэсситІыр джэшым хуэдэу кьехуэхри жиІащ:

- ЩІыбэм и куэдыр кьыпхуэхэгъэкъэ, кІэсым и дахэри кьыпхуэхьыр тэкъэ, сыт мыгъуэр зэсщІат, щхьэ сыбукІа мыгъуэ... Уэ лажьэ уиІэкъым, лажьэшхуэ зыгъэтынур си анэнэпІэсыщ. ПщІыкІэ утыкум укъригъэхьащ. Си хьэдэр хьыжьи, си анэжь кхъэм щІэпльым сыбгъэрыпльэжж, – щыжиІэм, Борэжьыр гъащ. Сыт пщІэнт, Тхьэм хуиухар арат.

- Уилъ сэ сщІэжынщ, ар сымыгъэзащІэу дунейм сытемытын, – жиІэри тхьэпІанэ ищІащ Борэжь.

Тамбийм абдежьм и псэр хэкІащ.

Борэжьым хьэдэр кьищтэщ, кьихьыжри:

- Мэ, хьэбзэуэ кхэпэч, – жиІэри хьэдэр кьыхуридзыхащ.

Еэри фызыр абдежьм щиукІащ. КІэльыкІуэу и хуэм кьыщІэпхъуар иукІащ. Жылэм щыри щІалъхьащ.

Борэжьым «сызэрыпсэуэм сыкуейкІыж» жиІэри ищІэм ин ирегъэтІщ, банэ гурбл кьиригъашэри, мащІэм из иригъэщІащ. Банэм мафІэ щІидзэри игъэсащ, абы хэлъу зригъэсыжыну. Абы хэту мафІэр хьэзыр хьуауэ здэщытым, зы фызыжь щІыкІу кьуажэм дэсти, мо хьыбарыр щІэзэхихьым, кьаКІуэри Борэжьым кьыбгъэдыхьэри жиІащ:

- Сыт пщІэну хьэдэгъэздахэр? Уэрэ сэрэ хэт лей кьыщыщІами жьыдгъэІи, уэ нэхъ лей кьыщыщІауэ кьыщІэкІмэ, ухуитщи зыгъэсхьж. Сэ нэхъ лей кьысщыщІауэ кьыщІэкІмэ, абы щыгъуэ укъуанэщэ зыбгъэсхьжмэ.

Фызыжь щІыкІум кьригъажьэри жиІащ:

- Дэ фызэ лІырэ дыхьэрт, кьуищи диІэу, ахэри щІыкІухэу. Нэхъыжьыр ильэсиблым ирт. ФІыуэ дыпсэууэ дыщыту, зы махуэ гуэрым, бжэн тІэкІу диІэти, игъэхъуну щІалэ нэхъыжь щІыкІум дедгъэхуауэ здэщІыкІ, щІалэ щІыкІур ирахьжьауэ яхь, жаІэри хьыбар кьэсащ. Я адэр пхъэр хуэри дэжар кьеуэри кьаукІащ. ЩІалэри яхьащ. Сэри абы сыдзажуэ, мыдэкІэ кьэдгъэна щІалэ щІыкІуІтІым, нэхъыжьым мэл фІэдгъэжауэ ильэгъуати, ар зэрыфІэдгъэжа сэр здэщыІтыр ищІэрти, сэр кьищтэри гущам хэлъ щІалэ щІыкІур фІигъэжауэ сыкърихьэлІэжащ. Ар щысльэгъум, фІэзэшгъэжа щІалэ щІыкІыр и щхьэм сещхьэфэуащ. Асыхьэту «аІ» жиІэри тІысри лІащ щІалэ щІыкІур. Уэ уи фызі куэпэчым щхьэкІэ уи кьуэр бгъкІыжамэ, уи фызри бгъкІыжри уилъ пщІэжри уигу зэгъэжащ, щыжриІэм, Борэжьыр зэгупсысыжри зимыгъэсжыну кьытехьащ.

Жылэм унафэ ящІащ: Борэжьым фызыжь щІыкІур кьишэну. ЗэраІуэтэжымкІэ, унагъуэ хъарзынэу зэдэпсэуащ ахэр.

Пліанэпэр зыгъэхьэзырар **ТАБЫЩ Муратщ.**

Армэ дэшыгъуэ

ЩІалэхэр дзэм ираджэ

АДРЕЙ ильэсхэми хуэдэу, мыгъэрей гъатхэ-гъэмахуэ армэ дэшыгъуэри, УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа учфэм ипкъ иткІэ, мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ бадзэуэгъуэм и 15 пщІондэ йокІуэкІ. Ди республикэм а щыкІэм тету дзэм дашынхэм я бжыгъэр, зыхуагъэувыжа мардэм тращІыхьымэ, 1000-м щынагъэблагъэнущ.

Армэм ираджэну къатохуэ зи ныбжьыр илъэс 18 хуэдэхэми колледжхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэр кьызэрыуахэми. АрщхьэкІэ, мы гъэми курыт еджапІэр кьыззэшнэкІэхэм ящыщу зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуахэр жэпуэгъэуэм и 1 пщІондэ армэм дашынжьым. ЕджапІэ нэхъыщхьэ е Іэщ1агъэ хэха щыІэрэ гъэуэгъэм колледжхэм щІэтІысхьэхэр зэман пыухыкІакІэ (я ёгъэгъуэр яухыу) дзэм ираджэнукъым. ПІалъэкІэ дамышыну хуитынигъэ я1щ Іэщ1агъэ щыІэрагъэгъуэт еджапІэхэмрэ университетинститутхэмрэ щІэсхэми.

- Іуэхур щызэкІэльыдгъэкІуэну Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щыдиІэщ дзэм дзэзыш комиссэу 14: пщыкІущІыр - районхэм, зыр - республикэм и кІэлащІэм. Гъатхэ-гъэмахуэ пІалъэм хуэдгъэхьэзыра щыІэну мыщ щыщу, армэм дедгъэшыну дзызыхунэсар мызэкІэ щыкІу 400-м нызэрыхьэсщ, - кьыхигъэщащ Пахомовым.

Комиссарым щхьэжьІэмкІэ, ди республикэм щыщу иджырей дэшыгъуэм хэхуэхэм я нэхъыбэр здагъакІуэр лъэсдздзэр арами, щІалэхэм кьахокІ хьідзэм хагъэхьэнухэри. Иужьрейхэм кьупльыну щрахьэкІыну Балтикэ тенджызым, яІбыщІэм, ях Хуэмым. КьинэмыщІауэ, щыІэщ лъэпкъ гвардием, хьэуа-десант, хъэршыдзэм ираджэхэри. Армэр хуейщ Урысейм и ДОСААФ-ми нэгъуэщІ абы хуэдэ еджапІэхэми яГъэхъэзыра, С категорие зиІэ машинэзехуэхэми.

Пахомовыр щыхьэт зэрытехьэхуэмкІэ, щІалэхэр щІэзыхуэшэс щІыпІкІэм гуфІэгъуэ щыкІэм тету зэрыІуащІэр. Дэтхэнэри, емыжьэ щыкІэ, дзэм зэрыхьэхьну щыгъынхэмкІэ яхуапэ, гъуэгум щІэгашхэ, кьулыкъу щрахьэкІыну щыІэнальэхэм пщІэ щІамыту нашэс, эдьнэсам гъэмахуэ-щымахуэ фащэхэмкІи кьыщІэзрагъэпэщ.

КьБР-м и Дзэ комиссарым, ди ипэ зэІущІэгъуэхэми хуэдэу, кьызэрыджИам тетщІыхьмэ, зи дзкІыгъуэу армэм ираджэхэр дзэ Іуэху хэха щекІуэкІ щІыпІэхэм яшэнукъым, къэралым кьыхагъэхьажагъащІэ щІынальэхэми кьулыкъу щрагъэхьэкІынчьэ, езыхэм я фІэфІныныгъэ халъхьэ а Іуэхум щыхуагъэхьэзыр дерсхэм пхыжьІауэ. Апхуэдэхэри, зыхуагъэпсыну Іуэхум фІыуэ щыгъуазэ хуамыщІауэ, зэпэщІэувэныгъэ гуащІэ щекІуэкІ щІыпІэхэми къэралым и щІынальэщІэхэми яшэнкъым.

- Республикэм и дзэ комиссэхэм къетшалІэхэращ щыху миным нэблагъэ хуэныкъохэтщІри. ДэркІэ нэхъапэр дзэм дгъакІуэхэм узышыгагъ тэмэм яІэныщІ. Я узышыгъэр хуэхъумэ - хыдогъэхьэ, хуэмыцхъэзырхэр – доутІыпщыж, - игъэбелджылащ Пахомовым.

ЗэрызэгурыІуэм тету

ЗэухьлІэныгъэм ипкъ иту дзэм кьулыкъу зэрыщрахьэкІым хуэгъэзауэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап щаритым, Дмитриев Виталий кьыхэкІыгъащ нэгъабэ мэлыжьыхьым и 15-м кьыщегъэжьауэ а Іуэхум телажьэу Налшык къали хэщІапІэ щыхьэуэ зэрагъэр, республикэм щыщхэр екІуалІэ хъуэ.

- Хэщ1апІэм и лэжьыгъэр зэтраухуащ, екІуалІэ дэтхэнэми а махуэ дыдэм (лэжьэгъуэ махуэхэми зыгъэпсэхугъуэхэми) зыщІэупщІэ псомкІи чэнджащ щитІыгъэрын хуэдэу. Іуэхьэкъм кьулыкъым нэхъ зыщыкъуагъэхьэзырыну хуейуэ кьагъэлъагъуэр, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу кьедбжэкІынщи, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэм пэгъунэгъуу щыІэ Тарскэ кьуажэ цІыкІум кьегъэщІыпІа мотострелковэ полкырщ, Ставроль крайм щыІэ хьэуа-десант дзэм и хэщІапІэр, Волгоград кьыщыззэрагъэпэща полкыІэрщ, - жиІащ Дмитриев Виталий.

ЗыхъуэмэжьыныгъэмкІэ министерствэм а щыкІэм тету зэгурыІуэныгъэ езыщІыпІэхэм къаралым бакъуэщІэм кьыхохъуэ. Дзэ Іуэху хэхэр здэкІуэкІ щІыпІэм кІуаХэм я мазэ улахуэр сом мин 210-м (сэлэтхэм ират) кьыщыщІэдзауэ нэхъыбаи мэхъу. КьинэмыщІауэ, апхуэдэм зэ тыгъуэу кьаІэрохьэ УФ-м ЗыхъуэмэжьыныгъэмкІэ и министерствэм и жэрдэм хэлъу – сом мин 195-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм кьыбгъэдэкІыну сом мин 300-м нэблагъэ. КьыхэзъэщІапхъэщ, а Іуэхум теухуауэ ятым республикэм и унафэщІхэм зэман дыдэхуэкІуэм хагъэхъуэну зэрамурадри.

Езым и фІэфІныныгъэкІэ дзэм зэгурыІуэныгъэ езыщІыпІэм зэхьэзыр зыкъызэрыщІигъакъуэм щыщщ «Ветеранхэм яхуэгъэзауэ» зыфІаща федеральнэ хабзэм къызэрыщагъэльэгъуауэ, ЗыхъуэмэжьыныгъэмкІэ министерствэм и мылькуКІэ фэтэр зыІэригъэ

● Дифі догъэлъапіэ

Дыгъэ-щыгъэхэм яхуоусэ



Зи махуэ лъапІэр «Адыгэ псалъэм» и илъэси 100-м техуа ди лэжьэгъухэм ящ нобэ нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцІыхуну ди гуапэ Хьэщыкъуей Олег.

УРЫСЫБЗЭРИ адыгэбзэри зэхуэдэу зыгъабзэ журналистыр нэгъуэщІ Іэщіагъэм къыдэрыщежьар и тхэкІэм зэран зэрыхуэмыхъуи и щыхьэтщ нобэ фи пашхьэ итлъхьэ и усэщІэхэр. «Хьу-мыхъуми, сэ сызэрыныбжьыщІэрэ усэ стхыурэ сыкъекІуэкІащ, - игу кьеГъэкІыж и щхьэм тебГъэпсалъэхьыну гуГъуу къыщІэкІа ди лэжьэгъум. - Литературэм сыхэзышари «Адыгэ псалъэм» сыкъэзышари Хьэх Сэфарбийщ. А зэманым Мэкъумэш академием и гъэджакІуэу сыщылажьэрт, си Іэдакъэщ Іэкіэм Сэфарбий хзэгъапІэрти, гъэгушхуэкІэ зыщІэ нэхъыжьыфЫм нэхри си тхэныгур кьригъэхьэху, журналист Іэщіагъэм сригъэхъуапсэурэ, езыр зыІукІыжа Іэнатіэ «Адыгэ псалъэм» сыкъигъэувааз щытащ».

Хьэщыкъуейм кьикІуа гъэзугаиэр екІуу къыщыгъэльэгъуащ Гуманитар щІэныгъэхэмкІэ институтым игъэхьэзыра альманахым:

«Хьэщыкъуей Олег 1971 - 1981 гъэхэм Ислъэмей дэт курыт еджапІэ №1-м щеджащ. Ар здыщІэтІысхьа, Налшык кьалэм дэт Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш институтыр (иджы КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетщ) ехьулІэныгъэкІэ кьиухри, а еджапІэ дыдэм щылэжьэну кьыхуагъэфэщащ. Хьэщыкъуейм мы еджапІэ нэхъыщхьэм 1990 - 1999 гъэхэм щригъэджащ.

1999 гъэм Олег «Адыгэ псалъэ» газетым корреспонденту кьащтэри, кьДамэм и унафэщІ кьалэнри дзыхь кьыхуащІыну 2001 гъэ пщІондэ абы щылэжьащ. А гъэ дыдэм кьыщыщІэдзауэ 2007 гъэ пщІондэ ар КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и министерствэм лэжьыгъэ Іэнатіэ щыпэрытащ. 2007 гъэм щегъэжьауэ Хьэщыкъуей Олег «Россельхозбанк»-м и кьудамэу КъБР-м щылэм и пресс-лъэхущІапІэм и унафэщІ кьулыкъум пэрытащ.

2001 гъэ лъандэрэ Хьэщыкъуейр Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. 2004 гъэм Олег хагъэхьащ Урысейм и ТхакІуэхэм я союзым. Хьэщыкъуейм сабийжэм папщІэ адыгэбзэкІэ тхылъыщ кьыдигъэкІащ: «Пщэ хужь цІыкІу» (2000), «ТхьэкІумэкІыхь Іущы-цІэ» (2003), «КхъуейлпІыжькІэрыщІэ» (2005). Хьэщыкъуей Олег журналистхэм я республикэ саугъэтым и лауреатщ. Ар кьыщыхуагъэфащэм къалъытащ Хьэбэрдей литературэм и классик ЩоджэнцІыкІу Алий илъэси 100 зэрырикъум ириухэлІэу игъэхьэзыра тхыгъэ щущІафІэхэр. Апхуэдэу Олег «Нэхъ сабий тхылъыфІ - 2003» зэпеуэм и лауреатщ».

Олег и етхуанэ тхылъри, «Хьыринэ» зыфІищар, кьыдэкІащ нэгъабэ. Ди газетеджэ нэхъ цІыкІу дыдэхэм папщІэ тыгъэу къэплъытэ тэ хъунущ нобэ кьытеддзэ абы щыщ сатыр-хэр. Анэдэлъхубзэ зыІурылъ щІэблэр щымахуэм ямыгъуэт уэсым едгъэщхьыху, ар дэри ди жагъэ мэхъуж. Нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ зэпызыщІэ «Іэгъэбыгъэхэри», «лъабэдидзэхри» хуэм-хуэмурэ зыІущІыдогъэкІ, апщІондэху, мис, Олег и сатырхэр зыхуэгъэзэа адыгэ бзэмылъэхэм ещхь дохъу: «Зи бзэр Іэщіьб зыщІым и кьэкІуэнур кІыфІщ, Хэкур зыубыжым нэхърэ бийр нэхъыфІщ». А щытыкІэм дыхуэмыкІуэпэн папщІэ, сабий усэхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэдмыщІу хъунукъым.

Сабий хьэлым и Іыхьэ гуэр кьызыхуэнэ балигъым нэхърэ нэхъ цІыху тынш хэт кьыщІэкІынкъым ГъащІэм. Апхуэдэщ гур зыгъэхуабэ Хьэщыкъуейм и усэхэм уи нэгум кьыщІагъэувэ цІыхур. Дунейр махуэ кьэс плъыфэщІэкІэ зыІуплъэ цІыкІужьеИм Олег и усэхэм кьыгурагъаІуэ уэсри, бжьыхьэри, къуаргъри, дэри, дыгъужьри, илъэсыщІэр зищІыри, илъэсыжьым «и жагъуэ щІащІри». И яп лъэбакъуэхэм щегъэжьауэ, лъэпкым и дуней тетыкІэм хуеущий. Дадэрэ Нанэрэ я куэщІым ихьуклам нэхъыжь-нэхъыщІэ хабзэр тхылъым кьриджькІыу аракъым, ФІыуэ къэзылъагъу балигъэм кьабзэдехри, пхуимыдыжьыну цІыху псэ быдэ кьыхэкІ. Олег и усэхэри абыкІэ дэІэпыкъуэгъу мэхъу. ЖьІэкІэ гугъусыгъукІэ мыкудауэ, сабийм тынш зригъэщІэфын хуэдэу гъэпсащ и сатырхэр.

Хьэщыкъуейм зызыхуигъазэр сабийхэм я закъуэкъым, ахэр зыпІ балигъхэми яжриІэн иІэщ усэкІуэм. «Сабийм и гу пщІанэм дыркъуэ тевмылъхьэ», - псалъэхэмкІэ къриГъажьэ «ЛъэІу» усэр сабийхэм ядэлажьэ псоми тынш я щІэнэ.

Зымахуэ псалъэ щэрыуэ гуэр срихьэлащ: «Фи сабийр фІы хъуну фыхуеймэ, ахъшэу тевгъэкІуадэр тІукІэ нэхъ мащІэ фщІыи, зэману тевгъэкІуадэр тІукІэ вгъэбагъуэ». Аращи, Хьэщыкъуей Олег фи «дыгъэ кІанэхэм» папщІэ зэхилъхьа и усэ сатырхэм факъыбгъэдыдонэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Футбол

Дерс къыхаха хуэдэщ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Строитель» (Каменск-Шахтинск) - 3:0 (1:0). Налшык, «Спартак» стадион. Мэкъуаугъуэм и 12-м. Цыху 200 елъэщ.

Судьяхэр: Чичилян (Мэзкуу), Селезнев (Мэзкуу), Бибиковэ (Краснодар).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Далиев, Лелюкаев, КІэдыкІуей, Молэмусэ, ХьэцІыкІу (Гъуэгурэ зыкъуэ, 80), Торосян (Сэбаншы, 90), Топурие, Хьэшыр (Масленников, 80), Тобоев (Мызэущ, 90), Котов (Блий, 71).

«Строитель»: Микитюк, Скворцов, Демагин, Дрыгэ, Еремин, Антонец (Дьяков, 46), Демченкэ (Степаненкэ, 82), Титаренкэ, Севостьянов (Пополитов, 82), Ушаков (Куканов, 61), Рубан.

Топхэр дагъэкІащ: Хьэшырым, 6 - ренальтикІэ (1:0), Гъуэгурэ зокъуэм, 87 (2:0), Тобоевым, 90 (3:0).

Дагъуэ хъыуащІащ: Скворцовым, Далиевым, Дрыгэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и яп э гупым хэт командэхэм ирагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэм хьыхь эпщыкІущащ джэгуГъуэм инкъ иткІ «Спартак-Налшыкым» и деж къыщыригъэблэгъат Каменск-Шахтинскэм и «Строитель» командэр.

ЗэІущІэм зэрыщІидзэрэ дакьикъэ зыщщІ фІэкІа дэмыкІауэ налшыкдэсхэм бжьгъэр кьызэІуахащ. «Строитель»-м и топджэгуэхэм Хьэшыр Алан яІэщІэкІэр, я гуауэщхьэм телъэдауэ ираудащ, судьями, кУздрэ мыгупсысэу, ренальти кьыдитащ. Ди щІалэм зэран кьыхуэхъуну зи мурада Скворцов Егор карточкэ гъуэжьыр иригъэлъагъури, топыр метр пщыкІуэм тригъэуващ. Ар Іэкіуэлъакіуэу игъэзэщІащ Хьэшырым.

Ренальти кьыдатыным ипэкІэ, зы дакъикъэ хуэдизкІэ уэзІэбжкІэжмэ, хьэщІэхэм я гъуэр «Спартак-Налшык»-м кьищтэфыну Іемалыфі зыІэщІагъэкІащ. Котов Саввэ сэмэгурабгъумкІэ топыр «Строитель»-м и штрафноим иридзащ. Гъуащхьэтетым и закъуэу бгъэдэта Хьэшыр Алан абы техуэфакъым. Ауэ, адэкІэ топыр Тобоевым кьипхъуатэри, зэрифІэщІкІэ ёуащ, арщхьэкІэ, гъуэ нэщІым ар Демагин Артём кьыдихьжащ.

ХьэщІэхэр абыкІэ, дауи, арэзытэкъым: хуэм-хуэмурэ ди гъуащхьэм кьебГъэрыкІуэн щІадзащ, ауэ ди щІалэхэр абыхэм екІуу япэщІэтащ, зыныкІуэми, Къумыкъу Аслъэнбэч и Іэзэгъым шэч кьытумыхьэжьи хуэдэу, топхэм кьригъэгъэзащ. «Строитель»-м и топджэгуэхэм я щыуагъэхэр кьагъэсэбэпу гъуэр кьащтэну зэрыщІэкІ. Тобоев Алан, Тобоев Таймураз сымэ, ауэ абыхэм псоми зымащІэ яхурикъуакъым бжьгъэр нэхъыбэ ящІыну.

ЗэІущІэм и етІуанэ Іыхьэр нэхъ гъэщІэгъуэныжу екІуэкІащ. Абы щІидзэжри, и кІэм нэсыху налшыкдэсхэр хьэщІэхэм я гъуащхьэм кьытекІакъым. ПэщІэдзэми хуэдэу, гъуэр кьащтэфыну щытащ Топурие, Котовым, Хьэшырым, ауэ яхуэзэфІэкІакъым. Иужьым, ди командэм и тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур топджэгуэщІэхэр губгъуэм я ригъэхьэри, абыхэм я фІыгъэкІэ «Строитель»-м бжьгъэшхуэкІэ дытекІуащ.

Топджэгу губгъуэм кьиззэрихьэрэ дакьикъэ щІалэхэр фІэкІа дэмыкІауэ, япэщІыкІэ кьыхэжаныкІащ Гъуэгузокъуэ Андемир. ХьэщІэхэм я штрафной ихьэпІэм деж щытаргъэса топыр дахэкІейуэ абы дигъэкІащ, гъуащхьэтет Микитюк Максим абы кьызэрыригъэзэн Іэмал иримыту.

Ещанэр гъуэм дзэыхуар Тобоев Таймураз, топыр абы кьезытар Масленников Игорщ. Ари Гъуэгузокъуэм и гъусэу кьихьауэ арат губгъуэм. Апхуэдэ щІыкІэкІи, бжьгъэшхуэкІэ хьэщІэхэм датекІуащ, турнир таблицэми дыщыдэкІуэтелъ. Кьыхэдгъэщынщи, ди командэмрэ «Строитель»-мрэ ипэкІэ зэи зэрадэжагъакъым, мыр я яп э зэлъущІэу щытащ.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и яп э гупым хэт командэхэм ирагъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэхэр мыпхуэдэ бжьгъэхэмкІэ ихуащ: **«Нарт» - «Алания-2» - 1:0, «Победа» - «Ростов-2» - 2:4, «Динамо-Ставрополь» - «Астрахань» - 2:1 , «Биолог-Новокубанск» - «Форте» - 1:2, «Легион» - «Рубин» - 2:1, «Дружба» - «Ангушт» – 0:1, «Севастополь» - «Динамо-2» - 3:0**.

КъыкІэлъыкІуэ зэІущІэр «Спартак-Налшыкым» щригъэкІуэкІынкъм мэкъуаугъуэм и 18-рэ. А махуэм ар Таганрог кьалэм и «Форте» командэм и деж щыхьэщІэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Сурэтыр тезыхар **Уэлджыр Артурщ.**

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм «Б» дивизионым и яп э гупым зэхьэзэхуэр зэрыщІэкІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Ф1.	Т.	О.
1. «Ростов-2»	12	7	2	3	30-14	23
2. «Легион»	12	7	2	3	20-8	23
3. «Форте»	12	7	2	3	23-14	23
4. «Астрахань»	12	7	2	3	15-8	23
5. «Севастополь»	12	6	4	2	16-7	22
6. «Рубин»	12	7	1	4	15-11	22
7. «Динамо-Ставрополь»	13	5	5	3	16-15	20
8. «Ангушт»	13	4	6	3	13-10	18
9. «Спартак-Налшык»	12	4	4	4	19-15	16
10. «Кубань Холдинг»	12	4	4	4	14-13	16
11. «Строитель»	12	4	4	4	12-16	16
12. «Нарт»	12	4	4	4	14-19	16
13. «Биолог-Новокубанск»	12	4	3	5	17-16	15
14. «Победа»	13	2	6	5	16-20	12
15. «Дружба»	12	3	1	8	11-17	10
16. «Алания-2»	13	2	2	9	11-36	8
17. «Динамо-2»	12	0	2	10	7-30	2

Хьэндырабгъуэ

Хьэндрабгъуэу дамабгъуэ,
Дамабгъуэу псэ махэ,
Псэ махэу лъэ псыгъуэ,
Лъэ псыгъуэу лъэ жан...
Лъэ жаным сыдожэ,
Сыдэжэм - къыстож,
Къыстожри щІопхъуэж,
Губгъуэжьми йохьэж!

Махуэ уэфІ

Махуэр и кІэм нэблэгъащ,
Дыгъэр и пІэм зэгъэжащ;
ЗытрипІащ шхыІэн хуабжь:
Пшэ Іувыжьу, пшэ щабэжь.
Мазэ нокъуэр къыкъуэкІащ,
Плъыру уэгум кьиуваш.
Дыгъэр Іэфіу екъэжей,
Армэ - хъунущ уэфІ пщэдей...

Си бзэ

Адыгэбзэм нэхъ къулей,
Теткъым зы бзэ мы дунейм.
Ар апхуэдэу щымытамэ,
Къызитынтэкъым си мамэ.
Иропсалъэ абы дадэ,
Иропсалъэ абы нанэ,
Си бзэ дахэу си бзэ бейм,
Иропсалъэ Къэбэрдейр.

Джэджьей цІыкІухэр

Цып-цып, цып-цып-цып, -
Джэджьей цІыкІухэм хугу ящыпІ.
Зэныкъуэкъуу зэрызэхьэу,
Джэджуртыжьыбгу ящІэмыхьэу .
Цып-цып, цып-цып-цып, -
Джэджьей цІыкІухэм хугу ящыпІ.
Адакъэжьыр къэгубжьауэ,
ХэкІыжьынкІэ гуэзвауэ.
Цып-цып, цып-цып-цып, -
Джэджьей цІыкІухэм хугу ящыпІ.
Хьдэзэ закъуи къамыгъанэ,
Я хъумакІуэу щытщ ди нанэ...

ЩІакхъуэ

ЩІакхъуэ хуабэм
Псэр дохуабэ,
ЩІакхъуэ щабэм
Гур дощабэ.
ЩІакхъуэ Іэфіым,
Телъым Іэнэм,
И гуи и пси
Хелъхьэ анэм...

Адэ-анэ!

Анэр - ар псалъэщ,
Адэр - ар щапхъэщ.
Анэр - ар гущэщ,
Адэр - ар кущІэщ.
Анэр - ар гугъэщ,
Адэр - ар лІыгъэщ!

Сыхуэмей нэгъуэщІ

Дадэ, нанэ, Хэку, си лъахэ...
Сыту псори псалъэ дахэ!
Папэ, мамэ, къуэш,
шыпхъу цІыкІу...
Сыхуэмей нэгъуэщІ зыцІыкІу.

Хэт гъынанэр?

Хьэр мэбанэ,
Джэдур мэпщІэу,
Мэлыр магъуэ,
Жэмыр мэбу,
Адакъэр маІуэ,
Бжэныр мэІуей,
Джэдыр мэкъакъэ,
Кьанэжр мэкІакІэ,
Дзыгъуэр мэцІу...
ПыгІэ-щэ?
ПыгІэ мэгъынанэ,
Къешхыдащи нанэ.

Уэгуш напэ

Дыгъэр гуфІэу къыкъуэкІащ,
Іэплъэ гуапэу къысхуищІащ.
Къытрипхъащ си нэкІум уэгу,
Дади нани къызэдоджэгу -
«Уэгуш напэ уэ ухъущ,
И нэфІ дыгъэм къыпщыхуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег и усэщІэхэр

Сабийхэм папщІэ

Уэгуш напэ, насып нэгу,
ДыщІэгъаплъэ уэ уи лъэгу...»

Бзэгъэпсалъэхэр

Дыгъэр къуохьэ,
Махуэр кІуамэ.
Мазэр кьохьэ,
Жэщыр хьуамэ...

* * *

Дэ пІащэу
Фэ пІащІэ,
КупщІафІэу
Іэфі защІэ.

Гуфіэгъуэ

Ехуэбылэу си гум,
Илъщ Іэ цІыкІур Іэгум.
Сабий гуфІэнэгум
Нэхъ Іэфі теткъым щыгум!

Кіыгуугу

Кіыгуугу, кіыгуугу,
Сытыгу, сытыгу?!
Езым и цІэр ирелъэж,
И бын щхьэхІэ мыгуІэж!

Къанжэ кІэкІэрей

Къанжэ кІакІэ, кІэкІэрей,
КъакІуэ псынщІэу уэ си дей.
Пхуэзгъэвэнщ сэ хугу
хьэнтхъупс,
Ауэ пцІы къысхуумыупс.
КъытетІысхьи ди сэрейм,
Сегъэдаіуэ нобэрейм,
Уэ къепхъэкІым хьыбарыщІэу -
Хэт къытхуэпшэми ди хьэщІэу.
КІакІэ, кІакІэ, умыувыІэ,
Пэжу хъуари уэ къызжеІэ...

Уэлбанэ

Уа, щхьэ жалэрэ «уэлбанэ»?
Уэм банэ тетмэ, арагъэнщ!
Банэ тетмэ, ар цыжьбанэщ,
Уэлбанэм псыкІэ щІыр егъэнщІ...

ТхьэкІумэкІыхь

Жанщ и тхьэкІумэр -
«Цырхъ» жызыІэр зэхех.
Махэщ игу щыкІур -
«Цырхъ» макъым псэр Іуех.

Бадзэ

Ухуеижмэ, бадзэ, уи дзэм,
Уэ си ужьым, кхъыІэ, икІ!

Уэзубыдрэ нэдым уиздзэм,
УиІэжьынкъым абы къикІ...

Школакіуэ

КІэрытщ Гъуджэм Маринэ –
Ягъэдахэ.
ЩатІэгъащ бостей баринэ –
Зегъэпагэ.
Нобэ школым япэу макІуэ –
И щІэщыгъуэщ.
Дади нани ныкІэлъокІуэ –
Я гуфІэгъуэщ.

Жьырытэдж

Тэдж, си щІалэ,
Тэдж, си нэху,
Къыщыльэту,
Іэщыр дэху!
Дыгъэр
Уи япэ иумыгъэщ,
Хадэм уиту
Нэхур гъэщ...
Жьырытэджым
ИІэщ фІыщІэ,
ЦІыкІу жейнэдым -
Ар имыщІэ!..
Уи насыпыр
БлумыгъэкІ,
Тэджи, псынщІэу,
КІэлъыщІэкІ...

Хэт ар?

Кьытхуэгуфіэу,
Кьытхуэгуапэу,
Теткъым щІылъэм
Нэхъ цІыхуфІ.
И бзэр Іэфіу,
И Іур щабэу,
Ар фэ хэтми
КьэфцІыхуф...

Жьынду

Сыжейнэдкъым,
сыхуэмыхукъым,
ПцІищ къыщІестевмылъхьэ.
ЖэщкІэ фэщхьу сыжеифкъым,
НапІэр зэтесмылъхьэ.
Къызощыи сэ хьэпщхупщ Іэджэ,
СопІ си быныр тхъэжу.
Согъэкъабзэ губгъуэр гъуджэу,
Дзыгъуэу хъуар зэблэжу.
Жумэрэнжэр шхэн хуимыту
КьызохуэкІ, согъэхьэр.
Жэщым пльэру узгум ситу
Хьэщэпщэр кьохьэр.
Созэгъэжьр, нэхур щамэ,
Уэнжакъым сотІысхьэ.
Сыщхьэуку ъуэу сыфІъэгъуамэ,
КхъыІэ, сыхэвмыхьэ?!..

Ди Маринэ

ДиІэщ хъыджэбэ гуащэ,
Щыгъщ бостей дахащэ...
И нэ цІыкІур пыжьынэщ,
И пэ цІыкІур пэтІинэщ,
Іупэ цІыкІур баринэщ,
Ёзы цІыкІур Маринэщ...

Бжьыхьэ

Жыгым тхьэмпэхэр похуж,
Жьыбгъэм ахэр зэхедыж...
Зыр плъыжьыфэщ,
Зыр гъэжьыпсщ,
Зыр удзыфэщ,
Зыри цыплъщ...
Кьэсщыпауэ зы Іэрамэ,
Сэ хузохьыр ар си мамэ.

Си нанэ

Си нанэ дахэ, си нанэ Іэфі,
СщІэркъым щыІэу пхуэдэу
пщэфІэф.
Уи джэдлыбжьэм, уи
кхъуейжьапхъэм,
Іэпэу сиІэр дызогъакІуэ.
Уи хьэлыуэм, зэкІэрысым,
Жылэм зыри кьытемыкІуэ...
Лэкъум пщтыр хэбдзамэ,
Сщогъупщэж уэрамыр...

КІущэ Нау

КІущэ Наур кьыздоджэгу,
КІущэ Наум сыдоджэгу.
КІущэ Наур мэгъурнау,
КІущэ Наум жеІэ «Нау».
КІущэ Наур Іэрыубыдщ,
Дзыгъуэ лъэпкъэ кьимыубыд.
КІущэ Наум кьыжьей хэлъщ -
КІущэ Наур псэ хьэлэлщ.

Дыгъэ кІанэ

(Хьебжэкі)

Дыгъэр зыуэ зэкІущ,
Дыгъэр тІууэ нурщ,
Дыгъэр щыуэ дахэщ,
Дыгъэр пІлъуэ гуакІуэщ,
Дыгъэр тхууэ Данэщ,
Данэ - дыгъэ кІанэщ...

Гъэмахуэ

Дыгъэр гуащІэ хъуарэ
Ныджэр ину псалъэм,
Щхъыпыбейр бэгъуарэ
Имыкъэжмэ фалъэм...
Арщ къэсау гъэмахуэр,
ЦІыкІухэм ди ІутІыжыр!
Дыгъэм гу щыдохуэр,
Тхьэгъэщ, гум зетІыжыр.

Бжьыхьэ бэв

Бжьыхьэм нобэ хущІэмыхьэ,
Бжьыхьэм Іуэхур и щІэнэ сос -
КьрехьэлІэжыр
пхъэщхьэмыщхьэр,
Джэрш хъуреймы и лъэр нос!
Гъавэр гуэным ирекІутэ,
ЕужьэрэкІыу зэщІекъуэж,
Хадэхэкіыр зэтрекІутэ,
Чы матэжьхэм имыхузж.
Дегъэтхъэжьыр бжьыхьэ бэвым,
Кхъужь фоупскІэ зыдотІыж,
Ауэ жиІэркъым псалъэжьым:
Уэзгугъур – къогугъуж.

КІапсэелъэ

Долъэ, долъэ кІапсэелъэ...
Толэ йолъэ, сэри солъэ.
Данэ поплъэ и чэзум,
КъыкІэлъыкІуэ
щытщ Гулъсум...
Долъэ, долъэ кІапсэелъэ...
Толэ йолъэ, сэри солъэ.
Данэ, цІыкІущи, кхъулъэмыс,
Гулъсум деж чэзур нэмыс...
Линэ кІапсэр тТрехьж,
Езыр елъэу мэувыж...
Йолъэ, йолъэ, кІапсеелъэ...
Линэ йолъэ, Данэ йолъэ,
Гулъсум поплъэ и чэзум,
КъытІлъагъэсыркъым дэ тІум...

Си дадэ

Дадэ Іущу, дадэ дыщэ,
Узолъагъур сэ уэ фІыщэу.
Тхьэм уи гъащІэм къыпхупищэ,
Уэ тхуэпсэу дэ илъэсищэ!

Уэшхымрэ уашхэмрэ

Уэшхыр къошхыр,
Уашхэм тошхэ.
Уэшхыр къешхыу
Уашхэр машхэ.
Уашхэм ешхыр
Хьэпщхупщ куэду,
Уэшхыр къошхыр,
Щимыгъэту...

Дыгъужьгъащтэ

Итщ ди хадэм дыгъужьгъащтэ,
ТІутІэ фІэкІи имыгъащтэ.
Тесщ и дамэм кьанжэ кІакІэр,
КъыгъэпсалъэУ жьыпэр, кьуакІэр.
Хьэсэм жьлэр трещыпыкІ -
Нанэ хисэм зы къэмыкІ...
ТІутІэ кьанжэр хьэрэкъуакІэ
Дихуэжьнут баш къэшакІэ.
Ауэ Іуплъэм дыгъужьгъащтэм,
ТІутІэ цІыкІур бгъуэтмэ къащтэ.

Къуаргъымрэ дэмрэ

Къыгъуэтащи къуаргъым зы дэ,
Сэ нэбгъуэкІэ къысхуоплъэкІ;
Къытесхьи и гугъэу, мыдэ,
КІэбгъу зищІ щыкІэу,
къыспокІуэкІ.
Мэ, уэот, жьхуиІэ хуэдэу,
Дэр гъунэгъуу кьегъэтІылъэ.
- Уимыгугъэ, жи, сыбыдэу, -
Мыр схуэхъункъым ныбзрылъ...
Мэлъэтэжьыр, тІэкІуи шхыдэу,
Сэри гъуэгум сытохьэж.
Утыку нэщІым кьина зы дэр
КІэпхъым кьещтэри, щІопхъуэж...

Нэлат

Зи бзэр Іэщіыб зыщІым
И къэкІуэнур кІыфІщ.
Хэкур зыубыжым
Нэхърэ бийр нэхъыфІщ.
Уи бзэр пІэщІэкІамэ,
КІэлъыпхъуэжи пэт.
Хэкум уепщІыжамэ -
Уэ ухъуну хэт?!
Зи бзэр зымыщІэжыр -
Лъэпкъым ар щымыщ.
Хэкур зыхъуэжари
Къамылъхуари зыщ...

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ядэлажьэныкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщапіэр: 360030, КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1 546
Заказыр №1245
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэу* **Пхытіыкі Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щыгъэдзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу кьалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.